ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№47 (24.173) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 27, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек Ищхъэрэ флотым и хыдзэлІхэм ящІыгъуу адмирал Головко Арсений и фэеплъ жыгхэр хесэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Ищхъэрэ флотым и лІыкІуэхэм ящІыгъуу хэтащ адмирал Головко А. Г. и цІэр зезыхьэ скверым жыгыщІэ цІыкІуэр щыхэсэнымрэ абы и фэеплъым деж удз гъэгъаХэр щыгъэтІылъыныкъо теуХуа Іуэхухэм. Фэеплъыр дзэзешэ цІэрыІуэм хуагъэуВауэ щытащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъу илъэсым.

ЗЭХЫХЬЭР къыщыІэІуихым КІуэкІуэ Казбек гуапэу фІэхъыс ярихащ Ищхъэрэ флотым щыщ хыдзэлІхэм. Ахэр мы махуэхэм Налшык щыІэщ Урысейм регби-7-мкІэ и чемпионатым и кІэух зэІущІэу ди щІыналъэм щекІуэкІым хэту. ЩІыналъэм и Унафэщым хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ адмирал щэджащэ Головко Арсений Григорий и къуэр зэращымыгъупщэм, флотым и хабзэфІхэр зэрахъумэм папщІэ икІи щІалэхэм ехъуэхъуащ спортым ехъулІэныгъэ лъагэхэр щызыІэрагъэхьэну.

Ищхъэрэ флотым и унафэщым и дэІэпыкъуэгъу, полковник Кошкарев Павел КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къритыжащ Ищхъэрэ флотым и командующэ, Урысейм и ЛІыхъужь Моисеев Александр къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъыр. «Ушаковым и орденыр зыхуагъэфэща, Бэракъплъыжьхьэхъэ Ищхъэрэ флотым и Дзэ советым, а щІыпІэм къулыкъур щезыхьэкІ хыдзэлІ псоми, си щхьэми къыдбгъэдэкІыу фІыщІэшхъэ пхузощІ ди зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным хуэунэтІауэ зэфІэбгъэкІ Іуэхуфіхэм папщІэ. «Эльбрус» тенджызэ кхъухым къулыкъу щызыщІэхэм ягъэлъапІэ республикэм хуаІэ зэныбжьхьэгъуГъэ зэхущытыкІэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІалэхэм щІыхь пылъу къулыкъу щащІэ Ищхъэрэ флотым хыхъэ кхъухьхэмрэ частхэмрэ, ди нэхъыжьхэм я лІыхъужьыгъэ хабзэхэм къыпащэу», - щыжеІэ тхыгъэм.

Удз гъэгъахэр фэеплъым деж щызыгъэтІылъахэм яхэтащ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз, Урысейм РегбимкІэ и федерацэм регби спорт лІэужьыгъуэм УФ-м Іэщакіэ ЗэщІэуэзда и Къаруэмрэ къаруэзекъэ ІэнатІэхэмрэ зыщІегъэужьыныкІэ и комитетым и спорт унафэщІ Дубинэ Богдан, республикэм щыщ жылагъуэ лэжьакІуэ Байсиев Темыржан.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанте.

КЪБР-м и Іэтащхьэр цІыхухэм яІуощІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек мэлыжьыхьым и 24-м яхуэзащ я щхьэ Іуэхукіэ къыхуэкІуахэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщым дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэу а махуэм зыкъыхуагъэзащ Налшык къалэмрэ республикэм и щІыналъэхэмрэ къикІахэм. ЦІыхухэр къызытекІухьа Іуэхухэм ящыщт федеральнэ мыхьэнэ зиІэ центрхэм технологие лъагэр зи лъабжьэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэтыныр, тэмэму зэхэзымых ныбжьыщІэхэм, сабий куэд щапІ, щытыкІэ гугъу къихута унагъуэхэм защІэгъэкъуэнырь.

КъыхуэкІуахэм епсэлъыпІэ нэужь КІуэкІуэ Казбек гъэзэщІакІуэ властым зыхуэфащэ и органхэм пщэрылъхэр яхуищІащ икІи цІыхухэм я лъэІуэр зэрагъэзащІэ щыкІэм езым и нэІэ зэрытригъэтынри жиІащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанте.

Щэбэт щІыхьэху

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ депутатхэмрэ республикэм и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ щІыгъуу щэбэт щІыхьэхум хэтащ.

- МЫПХУЭДЭ Іуэхухэм тфІэфІу сыт щыгъуи дыкъыхохьэ. Къапщтэмэ, дэ езым, республикэм щыпсэухэм, дэлъытащ ди щІыналъэр кьабзэу щытыныр. Нобэрей щэбэт щІыхьэхум иужькІэ дунейр нэхъ къабзэ хъуным къыдэкІуэу, абы хэкупсэ мыхьэнэи иІэу къызолъытэ. Дауэ щытми, республикэр зэІуэпэщ щІыным мы Іуэхум зыкъэрезыгъэхьэлІа дэтхэнэми хэлъхьэныгъэ хуещІ, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

Налшык псыхъуэм щыщ километр зыбжанэ КЪБР-м и Парламентым ирагъэбыдылІауэ щытати, абы щІымахуэ псом щызэтрихьа кІэрыхубжьэрыхуэкІэ къызэхуэсахэм Іуахащ, тхьэмпхэр зэщІакъуащ, апхуэдэуи жыгкІэ къатІыхьри, сэху иратыжащ, къэхухьа удзыпцІэ щІыпІэхэр зыхуэІ хуагъэзащ.

Илъэс къэс депутатхэр жыджэру хэтщ къалэм и зыгъэпсэхупІэхэмрэ жыг хадзэкІэмрэ зэлъытІухьыным, жыгыщІэхэр гъэтІысыным епха Іуэхухэм.

Налшык къалэм и щІыпІэхэр адэкІи агъэкъэбзэнщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іанте.

● Хъыбарегъащ Іэ

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм папщІэ

Мэлыжьыхьым и 29-м КЪБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІуущІэр екІуэкІынущ. ЩыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іанте.

УФ-м и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуиъзэам топсэлъыхь КЪБР-м и Парламентым и фракцэхэм я унафэщІхэр

АФЭЩІАГЪУЭ Михаил - ***КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкіэ и комитетым и унафэщІ, «Урысей зэхъуэт» партым и фракцэу КЪБР-м и Парламентым хэтым и Іэтащхьэ:***

- УФ-м и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым мы гъэм Зэрызыхуиъзэам гулъытэ хэха щыхуищІащ къэралыкІуэцІ политикэм, нэхъыщхьэу ар зытеухуауэ щытри социальнэ Іуэхухэр дэгъэкІынырщ.

Путин Владимир зэпкърихащ 2020 гъэм зэфІэгъэкІа хъуахэр икІи къыхуігъащ къэралри жылагъуэри жэуаплынигъэ яхэлъу, зэкъуэту зэрызэдэлэжьар, коронавирус узыфэ зэрыщІалэм егъэлеяуэ зрамыгъэубгъуни зэрахуэзэфІэкІар. Сымаджэщхэм гъэлъапІэу щІэтым я бжыгъэр хуэдитхум щІигъукІэ нэхъыбэ ящыІ алъэкІащ пІалъэ кІэщІым къриубыдэу, нэхъыщхьэ дыдэри Урысейм коронавирус узыфэм пэщІэтыф вакцинэу щы иІэ зэрыхъуарщ. Ар и щыхьэтщ къэралым и щІэныгъэ, технологие лъагэщагъым зэрыхэхуэм.

Къэралым и Унафэщым къыгъэува къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ тхьэмыщкІагъэм ебэныныр, цІыху бжыгъэм хэгъэхъуэныр, цІыхубэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэныр, сабий куэд щапІ унагъэхэм зэрызыщІагъэкъуэну Іэмалыщ Іэхэр къэгъэщхьэпэныр. Апхуэдэу, къыхилъхьащ сабийхэм гъэмахуэм зегъэгъэпсэхуным адэ-анэм трагъэкІуадэм и зэхуэдитІр къэралым хуитыну. Дэтхэнэ еджакІуэми зэ тыгъуэу сом мин пщІырыпщІкІэ зыщІагъэкъуэну ягъуэващ. А ахъшэр зыщщхьэУІум и кум хуэзэу иратынущ, адэ-анэм сабийр школым хуагъэхьэзырыфын хуэдэу.

Узыншагъэр хъумэнми гулъытэ игъуэтащ: Іэнатіэм и материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным хуэунэтІа лэжьыгъэм пащэнущ, коронавирусым кьиГъэта узыфэхэр зыпкърытхэм хэхуэу якІэлъыпІэнущ. Абыхэм хохьэ гулъэнтхуэ, лышх, тхьэмбыл узыфэхэр. Диспансеризацэм, цІыхухэм я узыншагъэр хэпщІытэным хуэгъэза программэм къызэщІиубыдэри нэхъыбэ ящынущ. А мурадыр гъэзэщІа хъун папщІэ щІыналъэхэм иратынущ узыфэр къаззэрахутэ медицинэ комплексхэр. Илъэсищым къриубыдэу муниципалитетхэм иджыри «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэ» машинэу минитху иратынущ. Абы Іэмал къитынущ а Іэнатіэм и автомобиль паркыр щаназ щымыІэу къагъэщІэрэщІэжьынымкІэ.

ИлъэситІ гъунэгъум къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм бюджетым къыхэкІ мылькукІэ щеджэхэм я бжыгъэм мин 45-рэ къыхагъэхъуэну я мурадщ, абыхэм я процент 70 нэхърэ мынэхъ мащІэр щІыналъэхэм хухахынущ.

ЕджапІэхэр, школ ныбжьым зэкІэ нэмысахэм щадэлажьэ ІэхущІапІэхэр ухуэным пащэ. Класс унафэщІхэм я улахуэм зэрыхущІагъуам хуэдэу колледжхэмрэ техникумхэмрэ я гупхэм я кураторхэми я улахуэхэм хущІагъунущ сом мин тхурытху. Апхуэдэуи пащэнущ цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыным, хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ дэІыгъыным, щхьэзакъуэ инвестицэхэр экономикэм къыщыгъэсэбэпыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм.

ЩІыналъэхэм защІэгъэкъуэным и Іуэхум и гугъу щищым, УФ-м и Президент Путин В. В. къыхигъэщащ абыхэм папщІэ дэІэпыкъуныгъэ лІэужьыгъуэщІэ къыззэрыхалъхьэр - илъэсым процентищ фІэкІа Іуэхьэщамытыкіыну, илъэс 15 пІалъэм тещІыхьа инфраструктурнэ щІыхуэ ятУ яублэнущ. 2021, 2022 гъэхэм абы хуэхахынущ сом мелард 500. Ахъшэр мыпхуэдэ мардэм тету трагъуэшэнущ - щІыхуэ нэхъ мащІэ ятелъыху щІыналъэм и инфраструктурэм нэхъыбэ хуаутІыпщынущ. Апхуэдэу щытми, щІыхуэшхуэ зытелъ щІыналъэхэми зыщІагъэкъуэнущ, коммерческэ-банк щІыхуэхэр бюджет щІыхуэкІэ хуэзрахъуэкІыурэ.

ЗэрызыхуиГаззэм и кІэуым и УнафэщІыр къытеувыІащ къэрал щІыб политикэми икІи къыхигъэщащ Урысейм пыщІэныгъэ къыхуэІэ къэралхэм ящыщу зыми ирагъэлейуэ зэрыхуамыдэнур, «линэ плъыжьым» ебакъуэу игу зэрытемыхуэнур, а линэ плъыжьыр зыхуэдэр дэнэ дежми сыт щыгъуи зыубзыхунури ди къэралырауэ зэрыщытыр.

КЕБЕКОВ Владимир - ***«Захуагъэм тет Урысей - пэжыгъэм и телъхьэу» партым и фракцэу КЪБР-м и Парламентым хэтым и унафэщІ:***

- «Захуагъэм тет Урысей - пэжыгъэм и телъхьэу» политикэ партыр социалист партщ. Партым и программэм и тегъэщІапІэр социализмэм и лъапІэныгъэхэрщ: захуагъэрщ, хуитныгъэрщ, зэкъуэтыныгъэрщ. Абы ипкъ иткІэ жыс-Іэфынущ а лъапІэныгъэхэр Урысей Федерацэм и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым ЗэрызыхуиГаззэм къызэрыхэщар.

Гулъытэшхуэ игъуэтащ узыншагъэр хъумэным - гъэхъужьыгъуей узыфэхэр зыпкърыт сабийхэм хущхъуэ лъапІэхэмрэ зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэмрэ къахуэщхуныр; къуаждэсхэм хуащІэ медицинэ Іуэхутхьабзэхэр егъэфІэкІуэныр, «Дэ!эпыкъуэгъу псынщІэхэм» папщІэ автомобиль минитху къащэхуныкІэ технологие лъагэхэр зи тегъэщІапІэ Іэзэкіэхэр къуажэдэсхэми къагъэсэбэпыфу, дохутырыфІхэр зыкІэлъагъэплъыфу щытыныр щыубзыхуащ.

Социальнэ Іэнатіэм и гугъу пщІымэ, ЗэрызыхуиГаззэм гулъытэшхуэ щыхуищІащ зи хэхъуэр мащІэ унагъуэхэм защІэгъэкъуэным. Къапщтэмэ илъэс 16 иримыкъуа сабий зи закъуэу зыпІ адэм е анэм зыщІэгъэкъуэным теухуа Іуэхущ Іэхэр къыхилъхьащ, абыхэм зы сабийм хуэзэу мазэ къэс сом 6350-рэ иратыну яГэуващ; илъэсибл иримыкъуа сабий сымаджэм кІэлъыплъ адэ-анэм и улахуэр кІэрыкУ щымыІэу иратынущ, абыхэм я стажым емыльытауэ; дэтхэнэ зы школакІуэми гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу сом мин пщІырыпщІ зэ тыгъуэу Іэрагъэхьэнущ; Урысейм зыщапльыхьыным трагъэкІуэдам и процент 20-р иратыжынущ; сабий лагерхэм зэрыщыІам текІуэда ахъшэм и зэхуэдитІри хуапшынькІынущ; цІыхухэм я хэхуэхэр зэпымыуэ нэхъыбэ щІыным я нэІэ трагъэтынущ.

Апхуэдэуи гулъытэ щхьэхуэ игъуэтащ еджакІуэхэр гъэшхэным, класс унафэщІым и Іуныджыр къэІэтыным, егъэджакІуэхэр еджапІэ нэхъыщхьэхэм зэрыщагъэхьэзыр щыкІэр егъэфІэкІуэным.

ЗэрызыхуиГаззэм къыщыгъэлъэгъуащ промышленностыр къэгъэщІэрэщІэжьын, абы зегъэужьын икІи егъэфІэкІуэн зэрыхуейр. Апхуэдэуи къэралым и Унафэщым къхуриджащ цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ къэралым щыпсэухэм я хэхъуэхэр къэІэтынымрэ хэхауэ елэжьыну.

Путин В. В. турист кластер зыбжанэм зэрызрагъэужьынуми и гугъу ищІащ икІи сыщогугъ ди щІыналъэри гулъытэншэу къэмынэну.

БЕЗГОДЬКЭ Владимир - ***КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэ, «ДДПР» партым и фракцэу КЪБР-м и Парламентым хэтым и Іэтащхьэ:***

- Мыр Іуэху куэд къызэщІэзыубыдэ, нэхъ зэгъэкІуа Зэрызыхуагъаззщ, иужьрей илъэсхэм щыІахэм ящыщу. Мыбдежым къыбгурыІуэн хуейщ мы Іуэхур УФ-м и Конституцэм зэрыщыщІэгъэбыдар икІи илъэс кІуам абы халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр иджы нэрылъагъуу хабзэкІэ щІэгъэбыда хъуауэ аращ. Путин Владимир иджы епщыкІубланэу зыхуиГаззэщ Федеральнэ Зэхуэсым. Сэ къыззэрыслъытэмкІэ, иджырейр пандемием и лъэхъэнэм ди гъащІэр зыхуэдар лъэныкъуэ псомкІи къззыпщытэж лэжьыгъэщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Лъэпкъ музейм къеблэгъа хьэщІэхэр.

Къэзан Сэтэней

Тхыдэр зи щыхьэт

● Адыгэ ныпым и махуэ

Ныпыр дамыгъэ къудейуэ щымыту абы мыхьэнэшхуэ егъэзащІэ, лъэпкъым и напэу ялъытэ. А гупсысэм и щапхъэфІщ чэтэн щхьэантІафэр къыхэзыхыу шабзищрэ вагъуэ пщыкІутІрэ къытеощу адыгэм зэхалъхьауэ къадэгъэзгурыкІуэ я бэракъыр. Шэч хэмылъу, ди лъэпкъ ныпым тхыдэ псо къытхуеІуатэ.

ЛЪЭПКЪ фІыгъуэу щыт адыгэ бэракъым и махуэм ирихьэлІэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ псоми ар щагъэлъэпІащ, дауэдапщэ зэмылІэужьыгъуэхэр а Іуэхум трауХуащ.

Налшык къалэми мэлыжьыхьым и 25-м щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм ящыщщ КЪБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэр. Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэхэм егугъуу игъэхьэзыра выставкэм къыхэщт адыгэм и Іэщэ-фащэу щытари лъэпкъ ныпым и тхыдэри. Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуахым крихьэлІат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, абы и къуэдзэ **Щоджэн Іэминат**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**, щІэныгъэм и лэжьакІуэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэсхэр.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм яжриІащ ныпым и мыхьэнэр, абы и махуэр гъэлъэпІэнымрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2010 гъэм къыхилъхьауэ зэрыщытар икІи алъандэрэ гъэ къэс адыгэхэр зэдэщыІэ щІыпІэ псоми а Іуэхум гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр зэрыщращІэкІыр. Хьэфыщ Мухьэмэд къызэхуэсахэм яхуиІуэтащ адыгэм и ныпым и тхыдэр.

Къыкіэлъыкіуэу а махуэм ахэр щыІащ Налшык къалэм дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щекІуэкІа пшыхь дахэми. Ялъ къатым щыІубгъэ Іэнщ Іэлъапщ Іэхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэм я выставкэ къыщызэІуахати, цІыхухэм Іэмал яІащ лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр нэхъ гъунэгъуу зрагъэщІыхуну.

Концертым зыкъыщагъэлъэгъуащ республикэм и артист пажэхэми художественнэ самодеятельностхэм хэтхэми. Пшыхьыр щІэщыгъуэ ящІащ КЪБР-м, КЪШР-м, АР-м, ИР-м щыхь зиІэ я артистхэ Къэзан Сэтэней, уэрэдус щІалэ Мэремыкъуэ Резуан, «Шагъдий» сабий къэфакІуэ ансамблым, нэгъуэщІхэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гуп ТІощІрэ еханэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» - «Динамо-Ставрополь»

Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 27. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70; 40-34-32.

УФ-м и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам топсэлъыхь КъБР-м и Парламентым и фракцэхэм я унафэщІхэр

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.)

Нэхъыщхьэ дыдэу абы хэлъыр цІыхум ягъуэтын хуей гупльтэрщ: «Урысей цІыхубэр хъумэныр», - емызэшу Президентым. Абы къыхэкІыуи Зэрызыхуигъэзам щынэхъыщхьэри социальнэ Іэнатіэм епха Іуэхуэрщ. А псом я нэхъыщхьэкУ Президентым кІыхь-гъэуващ демографие кьалэныр - Урысейм и цІыху щхьэ бжыгъэм хэгъэхуэныр, цІыхуэхэм къагъащІэ илъэс бжыгъэри нэхъыбэ щыныр. А мурадхэр кьайхъулІэн папщІэ къыхилъхьащ унагъуэм, анагъэм, адагъэм, сабиигъуэм зэрызыщІагъкъуэ Іэмалхэр нэхъыбэ ящІыным и мызакъуэу, пособиехэми хагъэхъуэну, цІыхуэхэм зэрадэІэпыкъу къэрал программэхэм иджыри илъэс куэдкІэ кьыпащэну. Кьапщтэмэ, нэхъри хагъахъуэ сабийхэм ират ахъшэм, ахэр гъэсэным, сымаджэхэм, ныкъуэмыным трагъэкІуадэхэм, иджы зэрызагъэпсэхуми гулъытэ егъуэт. Правительствэм кьалэн щиІащ сабий зыщІэх унагъуэхэм зэрапэІэбэну Іэмалхэр иубзыхуну, я лжэныгъэ стажыр зыхуэдизым емылъытауэ, сабий цІыкІу зиІэ анэхэм я щІэблэр щысымаджэкІэ щакІэлъыплъын хуей пІалъэм я улахуэхэр зэрыщыту яІэрыхьэныр къызэрагъэпэщыныр, цІыхубэ уэндэгъуэху щытыкІэ гугъу къихутахэм сом 6350-рэ иратыныр, сабийр гъэ еджагъуэщІэм хуагъэхъэзырын папщІэ мы гъэм и фэхІадэм и 1-м и пэ къихуэу дэтхэнэми зэ тыгъуэу сом мин пщІырыпщІ яІэрыхьэныр.

«Социальнэ Іэнатіэр цІыхуэхэм я сэбэп зыхэлъхэм тегъэпсыхьауэ, къызэрыгъэкІыу, дэтхэнэми хуэщІауэ щытпхъэщ, пособиехэмрэ ахъшэ хухахахэмрэ кьыдахьи щхьэкІэ анэмрэ сабийм я кьулыкъущІэхэмрэ банкхэмрэ я бжэщхьэІум лъаІуэу темытын хуэдэу», - жиІащ Президентым.

ИкъукІэ кьалэнышхуэхэр яхуигъэуващ узынщагъэр хуэмэн Іэнатіэми, араш зи фІыгъэр адрей къэралхэм нэхърэ нэхъыфІу пандемием дызэрыпэлъэщыр. Ди къэралым и закъуэщ COVID-19-м и штам псоми пэщІэтыф вакцинищ зэуэ зэхэзылъхьэфар. Хабзэ зэрызыхъам тету, Президентым гулъытэ хэха хуищІащ узынщагъэр хуэмэн Іэнатіэм щыщ кьудамэу цІыхуэхэм япэщыкІэ зэрызыхуагъаззэхэм икІи кьалэныр кьиГъуващ диспансеризацэр, узынщагъэр хъэпщытэныр зэтраублэжьну, апхуэдэуи медицинэ Іуэхутхьабзэу яІщІэ лІэужьыгуэхэм хагъэхъуэну. Коронавирус зэфыкІахэм я узынщагъэр зэфІэгъуэвжьным теухуа лэжьыгъэр кьиІзэрызэрагъэпэщыпхъэри игъэбелджылащ. Щхьэхуэу кьытеувыІащ лышх, гу-лъынтхъэ, тхьэмбыл, жьэн, гъуэжьуэ узыфэхэр зыпкърытхэм зэрелъэзапхъэми.

Ди республикэм дежкІэ кьалэн нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу сэ къызолъытэ цІыхуэхэр лэжьапІэ Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныгъэ абыхэм я хъуэхуэхэр нэхъыбэ щІыныгъэ ин зэрыщІэ. Абы папщІэ, «зэдэуэ, зэблэуэхъэжьхэу, дзэ хуэмыдэжьу», - жиІащ Президентым, и къэпсэльэныгъэр щиухым.

ЩхьэГъэПСО Сафарбий - КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш Іуэхуэхэмкіэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпыныкІэ, экологиемрэ дыкъэзыуэхъуреихь дунейр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ, «ЩхъуантІэхэр» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым хэтым и Іэтащхьэ:

- СызэрелъытыкІэ, УФ-м и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым 17-нэу Зэрызыхуигъэзар нэщэнэ гуэрми епхащ, мыхьэнэшхуи иІэщ.

Нэщэнэу ар щІыщытыр 2020 гъэ СОVID-19 пандемием пэщІэтыным и илъэсу зэрэкІуэкІарщ, къэралым и къарур, и мылькури цІыхубэр хъумэным хуэунэтІауэ щытащ. Абы и фІыгъэкІэ къэралр а щытыкІэм щыхъ пылъу къокІ, зи ямылъэгуэ эпидемием и цІыхубэр щихъумэу, - Урысейм иІэщ коронавирусым пэщІэтыф вакциниш.

Къэралым и Унафэщым жиІащ коронавирусым иджыри зэрытемыкІуар икІи шынагъэ кьызэрыпкърыкІыр, абы кьыхэкІыу цІыхуэхэм захъумэжьын, я Іыхьлыхэм, благъэхэм яхуэсакъын зэрыхуейр, апхуэдэуи мастхэр зыхэрагъэлъэхьну къыхуриджащ.

Зэрызыхуигъэзам стратегие мыхьэнэ иІэу кьыщІэслъытар сыт? Президентым абы щиубзыхуащ къэралым и дежкІэ хэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ кьалэнхэр, къэралкІуэ, къэрал щІыб политикэзмэ ехъэлІауэ. Зэрызыхуигъэзам щыгъэбелджылащ социальнэ Іэнатіэм, экономикэм, къэралым и шынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыным ехьэлІа унэтІыныгъэу ягъэ ягъэщІыпхъэхэр.

Социальнэ Іэнатіэм и кулпщІэу, шэч хэмылъу, щытщ, анагъэмрэ сабиигъуэмрэ, абыхэм сыт и лъэныкъэкІи защІэгъэкъуэныр, цІыхубэм я узынщагъэр хъумэныр: гу-лъынтхъэ, тхьэмбыл, лышх, гъуэжьуэ узыфэхэр зыпкърытхэм еІэзэныр, цІыхум къиГъащІэ илъэс бжыгъэм хэгъэхъуэныр. Социальнэ дэІэпыкъуныгъэ дыдэ зыщыгуфІыкІахэм я гугъу щысщІкІэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейщ, ахэр, псом япрауэ, сабий зиІэ унагъуэхэм зэрахуэгъэзар. Зэрыщыту кьапщтэмэ, УФ-м и Президентым Зэрызыхуигъазэр нэхъыщхьэу зыхуэунэтІар цІыхуэхэм я псэуІэр егъэфІэкІуэныгъ.

Дызэрыт гъэм, ЩІэныгъэмрэ технологиемрэ я илъэсу яГъэувам, курыт Іэщ1агъэ щызрагъэгъуэт еджапІэхэм бюджетым и хьэкъкІэ щеджэну Іэмал зиІэнухэм я бжыгъэм хэхъэнуц. Щэчхэмылъу, абыдыщогуфІыкІ.

«ЩхъуантІэхэр» партым сыщыщи, кьыхэзмыгъэщын сльэкІынукъым Зэрызыхуигъаззм дыкъэзыуэхъуреихь дунейр хъумэным теухуа и Іыхьэр, экологие насыпшагъэ афІэкІа кьэдгъэхъу зэрымыхъунр кьыхэзыигъэщар. Къэралым и Унафэщым кьыхуигъэщ Іуэхуэщ1ашІэхэр зейхэр щІыуэпсым зэрегуэуам щхьэкІэ жъуэпым зэрырашэлІэнчм теухуа законыр кьэщтэным и Іуэхур щІагъэхуэбжьэну.

Щэч кьытесхьэркъым, Зэрызыхуигъаззм кьыщІагъэпэгъуа псори ГъэззщІа кьыхуигъэ, абы ди къэралым хэпщІыкІыу зэрызригъэужьынум икІи ди цІыхухэм я псэуІэр зэрыригъэфІэкІуэнум.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

УнэтІыныгъэхэр пхыгъэкІын

КъБР-м щыІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм щыізэхэта коллегием къыщапщытэжащ 2021 гъэм и яп1э мазищым я лэжьыгъэм кърикІуахэр. Абы хэтащ министерствэм и унафэщІхэмрэ къулыкъущІхэхэмрэ.

ЗЭІУЩІЭМ къыщыхагъащащ республикэм и оперативнэ щытыкІэм сыт щыгъуи я нэІэ зэрытетар, къагъэсэбэпа Іэмалхэр щхьэпэ хъуащ унэтІыныгъэ щхьэхуэхэм щытыкІэ зэпІэзэрытыр щызэтеІыгъэныкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ мащІэ щыхъуащ щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ, ауэ а зэманым хъриубыдэу хэхъуащ ІТ-технологиехэр кьагъэсэбэпу ялэжь хьэгъэщагъэхэр.

ЩІэпхъаджагъэхэу сэтей кьащІам проценти 4,5-кІэ хэхъуащ. Наркотикхэм пыщІауи нэхъыбэ кьыщІагъэщащ. Кьызэрыхагъэщащи, зэриплъэж мазищым кьрикІуахэмкІэ гъуэгу-транспорт кьэхъуькащІэхэр процент 20,5-кІэ, абыхэм хэкІуадэхэр процент 27-кІэ, фэбжь хэзыхахэр процент 27,1-кІэ ехащ.

Блэкіа илъэсхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэхэр сэтей къэщІынымкІэ яхуэзэфІэкІам тепсэлъыхьащ КъБР-м щыІэ МВД-м и полицэм и унафэщІым и къуэдзэ, полицэм и полковник **Гуэбэшы Хьэмидбий**.

Министерствэм къулыкъущІэхэм ядалэжьэныкІэ и управленэм и унафэщ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник **Калинин Владимир** и псалъэмакъыр тегъэщІат республикэ МВД-м и органхэмрэ къудамэхэмрэ дисциплинэмрэ законностымрэ зэрыщагъэзащІэм, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр кьызэрыщІэзрагъэпэщым.

Апхуэдэуи зэІущІэм гулъытэ щыхуащІащ я лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъэхэм ехьэлІа Іуэхуэхэм.

КъБР-м щыІэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министр, полицэм и генерал-майор **Павлов Василий** пщэрылъ ящищІащ зэІущІэм кьыщІэта дэтхэнэ зы унэтІыныгъэри пхыгъэкІыныжкІэ кьалэнхэр.

Зэхьхьэр Іуэху гуапэкІэ иухащ. Зи къулыкъ щапхъэ пылъу зыІыгъэзащІэ, лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр щызыІэрызыІгъэхьа министерствэм и лэжьакІуэ зыбжанэм иратащ. Урысей МВД-м, КъБР-м щыІэ МВД-м кьабгъэдэкІ дамыгъэхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дэшхуей хадэр ягъэдахэ

Налшык и Дэшхуей хадэр гъэдэхэным зэпыу имыІэу йолэжь.

КЪЭУХЬХЭР щІэуэ щагъэувыну гъэузгубгъуэхр датІыкІащ, жьы хьуа плиткэхэр кьызытраха зекІуапІэхэм я лъабжьэр зэтес ящІ. Скверым и курыкупсэм щызэкІэщІэкІ лъагъуэхэм иджыри зы нэхъ ищхьэрэкІэ кьыщыхагъэхъуащ. ИпэкІэ жэщ уэздыгъэ дахэхэр Комсомолым и фэеплъым кьыщыщІадзауэ Къэрэшеймрэ и уэрамым бгъурыхьэху итамэ, иджы ахэр нэхъыбэ хъунущ. Дэшхуей хадэм бгъурыкІ бзииху лъэс зекІуапІэм ибгъуэхэми жьы хьуа къэухьхэр щахъуэжьнущ. Абдеж эмэжьжьэу щыта клумбэхэр ягъэІэпэхьуауэ, утыр яукъуэдий.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Ветеранхэм я гуапэ ящІ

Шэджэм районым щыІэ ОМВД-м и унафэщІхэр я хьэщІащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм я ветеранхэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэмрэ къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ я ветеранхэм я махуэр ягъэлъапІащ мэлыжьыхьым и 17-м. Урысей МВД-м Шэджэм районым щиІэ и кьудамэм и унафэщІ, полицэм и полковник **Бетрожь Мурат**, кьудамэм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **КІуэкІуэ Аскэрбийрэ** ветеран организацэм и унафэщІ **Уэрыш Владимиррэ** щІыгъуу щыІащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм щылэжьахэм я деж.

Полицэм и лэжьакІуэхэр щыІащ унагъуитхум: милицэм и подполковник Нэзрэн Мухьэмэд, къэрал кІуэцІ кьулыкъум и подполковник Балъкъыз Мухьэмэдин, милицэм и майор Нэгъуэй Аскэрбий, милицэм и капитан Газаев Іэбубэчыр, юстицэм и подполковник Куэпэшэр МуІэед сымэ я деж.

- ФІыщІэ фхдощІ фи къулыкъур хьэлэлу зэрефхьэкІам, къыхэфха Іэщ1агъэм фызэрыхуэпэжьым папщІэ, зыгъэпсэхуну фыгъыбысыжами, щІэгъэкъуэныщхъуэ фыкъытхуохъу ди лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныжкІэ, щІэблэщІэр гъэсэныжкІэ,- жиІащ Бетрожь Мурат.

Хьэщ1эхэм ветеранхэм ираташ саугъэтхэр, икІи узынщагъэ быдэ гъащІэ кІыхь, зэІузэпэщыгъэ яІэну ехъуэхъуащ.

Пенсионерхэми кьахуеблэгъахэм папщІэ фІыщІэ хуащІащ, я кьулыкъу мыгъэ ныщІ ящІ, я щІэныгъэ зэрагуапэри жаІащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 27, *гъубж*

♦Урысей парламентаризмэм и махуэщ. 1906 гъэм лэжьэн щІидзащ Урысейм и Къэрал Думэм - парламентаризмэм и лъабжьэкъэралым щызыІэтэІыльам. Махуэр гъэлъэпІэным тегъуэ унафэ къащтауэ щытащ 2012 гъэм.

♦Саха (Якутие) Республикэм и махуэщ. Абы щагъэлъапІэ ар къыщыізрагъэпэща (1922 гъэм), и конституцэщІэр къыщащта (1992 гъэм) махуэхэр.

♦Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм я часть хэхахэм я махуэщ.

♦Финляндием щагъэлъапІэ ветеранхэм я махуэр

♦Словением и Щхьэхуитщ1ыжакІуэ фронтым и махуэщ

♦1702 гъэм Пётр Езанэм къыдигъэкІащ, яІыгъ диным щхьэкІэ емыныкъуэкъуу, нэгъуэщІ къэралхэм я цІыхуэхэр Урысейм къэкІуэну хуит зыщІ унафэр. Европэм къикІыурэ къэралым къакІуэ хуэяжащ къхъуэ, Іэщэ щыным хуэІэкІуэкІуэ Іэщ1агъэлІэр, хуэхакІуэ Іэзэхэр, дзэ инженерхэр.

♦1908 гъэм мылым лъэрыжкІэ кьыщыфэныр Олимп Джэгухэм я программэм хагъэхьащ.

♦1908 гъэм Инджылызым и кьалащхьэ Лондон кьэ щыізэлъэхащ IV Олимпиадэ Олимп Джэгухэр. Аэар щызэхущІыкІар жэпэзгъуэм и 31-рщ.

♦1961 гъэм СССР-м кьыщыізрагъэпэщащ Мамыры-гъэм хуэлажьэ фонд.

♦1974 гъэм Байкал-Амур гъущІ гъуэгур (БАМ-р) ухуэн щІидзащ.

♦Совет актёр, режиссёр, РСФСР-м щыхь зиІэ и артист **Моргунов Евгений** кьызэралъхуэрэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Сабий дохутыр, хирург цІэрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Рошаль Леонид** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щыхь зиІэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Быыбзыхуэ Басир** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс политик, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ **Къзанокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Лазарев Александр** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ, композитор, УФ-м щыІхь зиІэ и артист **Михайлов Стас** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисисткэ, УФ-м спортымкІэ щыхь зиІэ и мастер, 2008 гъэм Пекин щекІуэкІа Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщыізыхьа **Сафинэ Динарэ** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ текІуэу щытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градуси 10 - 11-м щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 28, *бзэжьей*

♦Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ. ООН-м кьызэрыкІуэхьам ипкъ иткІэ 2003 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

♦Химие шынагъуэшагъэм и махуэщ

♦УФ-м и медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1563 гъэм Москва гъэжьэ щыщІидзащ япэ типографием, Фёдоров Иванрэ Мстиславец Пётррэ ящІам. Аэрращ тезыдзар япэ тхылъыр.

♦1914 гъэм США-м щатащ пэщ кІуэцІым зыхуэят хуабагъ-щІыІагъ езыгъэІыгъ кондиционер кьызэрагупсысам щыхьэт техьэу тхылъ.

♦1908 гъэм эсперанто бзэм и дунейпсо зэгухьэныгъэр кьызэрагъэпэщащ.

♦1920 гъэм Азербайджан ССР-р кьызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм РСФСР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым кьыдигъэкІащ «Къалэдэсым и цІэ-унэцІэр, и адэцІэр зэрыт и тхылъым ар щІысу щІыпІэрэ яІыщІэ гъэльэгъуэным теухуауэ» унафэр.

♦1945 гъэм Дзэ Плъыжьым Рейхстагым ебгъэрыкІуэн щІидзащ.

♦1955 гъэм Ленинград кьыщызэрагъэпэщащ офицерхэр щрагъаджэ, Суворовым и цІэр зезыхьэ еджапІэр.

♦1967 гъэм американ боксёр Клей Кассиус (Али Мухаммед) зэпеуэхэм хэтыну хуимыту унафэ кьащтащ, абы США-м и дзэм кьулыкъ щищІэн зэримыдэм кьыхэкІыу.

♦1990 гъэм иужьрей дыдэу Совет Союзым и Маршал цІэр ятащ. Ар хуагъэфэщат Язов Дмитрий, а лъэхъэнэм ирихьэлІэу СССР-м зыхъумэжьныкІэ и министру щытар. Ар яхэтащ ГКЧП-р 1991 гъэм кьызэзыгъэпэщахэм.

♦2001 гъэм космонавтхэм ящІыгъуу ягъэ дыдэу хьэрыщым льэтащ туристэ. «Союз ТМ-32» кхъухьым ису абы щыгъуэ хьэршым льэтащ космонавтхэу Батурин Юрий, Мусабаев Талгат, США-м щыщ мелуанырыбжэ Тито Деннис сымэ. Ахэр дунейпсо хьэрш станцым махуихкІэ щыІащ, космонавтхэм щІэныгъэ кьэхуэтэныгъэхэр ирагъэкІыкІыу, Деннис илъэгъуэм суэт, видео трихыу, я гъусэжи «яхуэпщфІэу».

♦Хэку зауэшхуэм быни 9, зы нысэ, кьызэрылъху-пхъурылъхуу 3 зыгъэкІуа шапсыгъ анэ **Щхьэлахъуэ Чэбэхьан** кьызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу. Абыхэм ящыщу къэзыгъэзэжа имылъагъуу дунейм ехыжажа ар.

♦Шэрджэс тхакІуэ **ДышэкІ Мухьэмэд** кьызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Литвам щыщ совет актёр, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Банионис Донатас** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Иракым и президенту илъэс 24-кІэ щыта **Хьусен Саддам** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Испанием и актрисэ цІэрыІуэ, а къэралым щыщу «Оскар» саугъэтыр япэу зыхуагъэфэща **Крус Пенелопэ** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 18 - 19, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэзэзыр **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Емыджа егъэджакІуэ хъуркъым.

● Ди щІынатІэхэм

ПсэупІэхэм къахохъуэ

Ущыпсэуну дзыхьщІыгъуэджэ хъуа унэхэм щІыхуэхр къыщІэгъэІэпэхъукІын» щІынальэ программэм и сэбэп зэкІэхэм я бжыгъэм хохъуэ.

ОКТЯБРЬСКЭ жылэм и Центральнэ уэрамым къат куэду зэтету щаухуэ унэр метр зэбгъуэзэнатІэ 4040-рэ мэхъу. Илъэс щэ ныкъуэ ипэкІэ конзаводым и лэжьакІуэхэм папщІэ яухуа унэр кхъахэ хъуа псэупІэхэм ящыщу 2015 гъэм къалъытэ пэтми, зи гугъу тщІы программэм щыхагъэхьэфар илъэс кІуарщ. ТыншыпІэ льэпкъ зэримыІэм кьыщынэмыщІауэ, блынхэр кьэчат, унащхьэ псы кьыпхькІырт.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и ипотечнэ корпораци» Іуэхущ1апІэм я уэрэныгъэр зэрыригъэкІуэкІынумкІэ тендерыр кьихьащ икІи псынщІэу Іуэхум иужь ихьащ. Унагъуэу 8-м ятещІыхьа псэупІэм лэжьыгъэ псори иджырей мардэхэм тету кьыщрахьэлІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къуажэдэсхэм я хъуэпсапІэ

«ЩэнхабзэІ» лъэпкъ проектым ипкъ иту Дзэлыкъуэдэс щаухуэнущ щэнхабзэмкІэ унэ.

НЭГУЭЫУЖь программэхэмрэ гуфІэгъуэ пшыхьэмрэ иджыри кьэс щрагъэкІуэкІар кьуаажэ администрацэм и унэрщ. Абы гугъуэхь щхьэхуэхэр пыщІат дауэдапщэкр кьызэзыгъэпэщхэмкІи, жылагъуэдэсхэмкІи. Зи лъабжьэр щІадзауэ ягъэтІылъ ухуэныгъэм щІыхь 300 щІэзэхуэн залышхуэ хэтыжуц. Объектыр гъэхьэзрыным бюджет ахъшэу сом мелуан 26-рэ хухахащ.

Щэнхабзэм и унэ щхьэхуэ зэрамыІэми емылытауэ Дзэлыкъуэдэсым и творческэ лэжьакІуэхэм лжьыгъэ хъарзынэ кьрахьэлІэ. Кьапщтэмэ, нобэ администрацэм и унэм щолажьэ лъэпкъ, иджырей кьафэхэмкІэ, уэрэд жьІэныжьмкІэ, сурэт щІыныжьмкІэ, литературэмкІэ гупжьейхэр. Абыхэм йокІуалІэ сабий куэд.

ЩІэуэ яухуэ щэнхабзэмкІэ унэм драмэкружок кьыщыізІуэхьжьыну я мурадщ. Абы екІуалІэ хъунущ сабийхэри балигъэри. Апхуэдэу зэхащэнущ Іуэрыіуатэм дихьэхэм я гуп «Унэгуащэ», «Кьалэмым дихьэхэм» я клуб, уэрэдым дихьэх жьІэдэсхэм я хор.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Мэлыжьыхьым и 22-м ди газетым тета «Псыданэ» псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

ЕкІуэкІыу: **8**. Хэгъуэгу **9**. Дзэхуэдз **11**. Псыданэ **12**. Бгъэныльэ **13**. ЩІыбжьэ **14**. Мыщэ **15**. Кьанжэ **16**. Дэлэн **18**. Бжей **19**. Джа **20**. Ушхэ **22**. Ава **26**. Сострэ **28**. Гуэгушыпэ **31**. Льэмб **33**. Кьрым **34**. Банэдзэгу **36**. Сагъэкъэб **38**. Щтырыгъу **39**. Уэз **41**. Жьырыпкъ **42**. Гухъуш **44**. Уфа **46**. НапІэ **47**. Уэркъ **49**. Щхъуэ **51*.** Еб**з 54**. Морепа **56**. Гъуэгу **59**. Лэгъупыкъу **60**. ГъэльэхъущІэ **61**. Пшагъуэбэ **62**. Дыгъэ **64**. Жьауэ **65**. Убэрэжьа **67**. ЩІыбунэф **72**. Фер **74**. Борэн **77*.** Дон **78**. Щыпэ **79**. Емынэ **80*.** Анэщ1э **81*.** Дамэ **82**. Тэтэр **83*.** Ашэмыхьэ. **84*.** Шыкъультыр **85*.** Жьыбгъэ **86*.** Кьыдыр.

Кьехьу: **1**. Псыдыуэ **2**. Чэщанэ **3**. ХьэпщІэу **4**. Хьэмэдэ **5**. Жьуджалэ **6**. Псыкъелъэ **7**. Гъуанэдзэ **10**. Уэлбанэ **15**. Кьаис **17*.** Нарк **21**. ШышІэ **23**.Уэрдыхъу **24*.** Нэбгъэф. **25**. Сэнтх **27**.Танэ **29**. Шакъэ. **30**. Чымпэ **32*.** Борэнпежьэ **33**. Кьэралыгъуэжь **34*.** БгъуэнщІагъ **35**. Гуу **36*.** Сэ **37**. Бжэкъалэ **40*.** Сатхъуэ **42*.** Гуэщ **43*.** ШкІэ **44*.** Уае **45*.** Ауэ **48*.** Щомыщ **50*.** Хьэузыбжьэ **52*.** Бралыч **53*.** Кьыгуугу **55*.** Пльыр **56*.** Гъуэ **57*.** Гуп **58**.Іэмб **63*.** Амур **65*.** Уафэрыху **66*.** Эуре **68*.** Надз **69*.** Фэндыкъуэ **70*.** Псыхэуэ **71*.** Мамкъутей **73*.** Кьырмыху **74*.** Бэтэгъэ **75*.** Нартыху **76*.** ХьэІуцыдз.

Хаджиев Даниял Аслъэн и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщІыныгъэшхуэ игъэтащ. Куэдрэ мысымэджауэ, и ныбжьыр илъэс 70-м иту дунейм ехыжащ коллекционер цІэрыІуэ, щэнхабзэ Іэнатіэм щІэгъэкъуэн нэс хуэхъуэ щыта, щІэныгъэхэмрэ гъуэзджэхэмкІэ Петровскэ академием и действительнэ член Хаджиев Даниял Аслъэн и къуэр.

Даниял Аслъэн и къуэм и гъащІэр триухуащ щэнхабзэм хуэлэжьэным, и къэрур кьанэ щымыІэу творчествэмрэ гъуэзджэмрэ ятригъэкІуадэу. Ар егугъуу, хуээфІэкІ кьимыгъанэу а Іуэхум зэрытелжьам и фІыгъэкІэ Кавказым и мысакъуэу, Урысейм и щыналъэ куэдми кьыщацІыхуащ ди сурэтыщІхэр, абыхэм я Іэдакъэщ1экІ тельыджэхэм щыгъуазэ хъуащ, я цІэхэр къэралым и гъуэзджэм и тхыдэм иратащ. Зы сурэтыщІми, цІыху зыбжанэми я Іэдакъэщ1экІхэм я гъэльэгъуэныгъэхэр кьызэригъэпэщыртри, Даниял Аслъэн и къуэр гупсхуу тепсэлъыхьыр дэтхэнэ лэжьыгъэми и купщІэм икІи сурэтым и дэтхэнэ теплъэгъуэри зэпкърихырт, а Іуэхум кууэ зэрыхицІыкІыр кьиГъэльэгъуэу.

СурэтыщІ гъуэзджэм теуха зэфІэкІ зэриІэм, ар нэсу зэрызыхищІэм кьыдэкІуэу, Хаджиевым нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэмкІи щІэныгъэфІ бгъэдэлът, псом хуэмыдэу литературэмрэ макъамэмрэ кууэ хищІыкІырт. Классикэ макъамэм щІэдэІуурэ тхылъ еджэу кьэдгъэуурэ урихьэлІэрт абы. Ар псэпъэгъу гъэщІэгъуэнт, сыт хуэдэ Іуэхуми зэрыщІагъуазэр наІуэу, хэти дзуэрэзрыфынт.

Хаджиев Даниял Аслъэн и кьуэм и Іыхьлыхэмра благъэхэмрэ ди гум кьыбгъэдэкІыу дахуогузавэ. ЦІыху гуапэм, зэчиифІэм, хьэлэлым и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ягу илъынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым илъэс куэдкІэ щылэжьа **Елчэпар Валерий Мухьэмэд и къуэм** и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехьажам кьыхэкІыу.

● Махуэ лъапIэхэр

Рэмэданым и кIэухым

Нэщ1 мазэр и кум нэсащ. Алыхым жи1эмэ, мыгувэу ар гуфIэгъэкIэ кьетхьэлIэнущ. Абы и кIэухым ирихьэлIэу дэтхэнэ зы мусЛъымэнми и къалэнхэм нобэ фыщыдгъэгъуэзэнщ.

Нэщ1ыр зэрыбгъэзэкIуэжынур

Щхьэусыгъуэншэу зы нэщ1 махуэ блэзыгъэкIахэм шэрихьэт хабзэмкIэ я къалэнт:

1. ПщылIэхэм ящыщ зы иутIыпщыжыну, апхуэдэ имыIэмэ, нэгъуэщIым и деж къыщищэжуну щхьэхуит ищыжыну.

2. Нэщ1 мазэм къриубыдэу факъыр 60 игъэшхэну.

3. Нэщ1 мазэмрэ хьидымрэ иуха иужькIэ мазитIкIэ нэщ1ыжыну.

Мыбыхэм языхэз умыгъэзэщIамэ, нэщ1 махуэ блэбгъэкIар упшынижакъым. Икли «нобэ сыхэшэнщи, иужькIэ сыпшынижынщ», жыпIэу пкъутэ хьунукъым - ар къыпхуэгъэнукъым.

Нобэ, Алыхым и шыкуркIэ, пщылI щыIэжкъым, «сыфакъырэщ» жаIэри куэд урихьэлIэнукъым (абы емыкIушхуэ пылъу къалъытэри, ябзыщIмэ нэхъ къащтэ). Кьэнэжыр ещанэращ - мазитIкIэ нэщ1ыжынырц. Ари пхуэмыхьын Iуэхугуэхъым, дунейм мусЛъымэн куэд зэрытетыр къэплъытэмэ, Алыхьыр фIыщу зэрилъагъуэм къыхэкIыу зэрынэщ1ын хуейм мазищ щIрагъэгъуу.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, щхьэусыгъуэнщэу и нэщ1ыр блигъэкIаеу къелпьытэ щIыхьм кьемыуз1ауэ е гъэгу темыту, ауэ сытми «нобэ сыхэшэнщи зызгъэпсэхунщ» жи1эу зыщцысхьыжамэ е нэщ1ыр зыхуимыгъэшэчыфамэ, хьэмэ махуэм лIыгъуэ-фызыгъуэ зэрихьамэ.

Муслъымэн диныр хьэкъуэ зи фIщ1 хуэм апхуэдэ щхьэусыгъуэхэр ищIынукъым. Абы зыщигъэгъупщэнукъым Алыхьталэм и лIыкIуэм жи1ар: «Нэщ1 мазэр, ищIэн псори зэрыщытыкIуейм хуэдэу тэмэму езыхьэкI дэтхэнэ зыми, мазэ 1000-м пэкIуэн псапэ Алыхьым хуищIынущ». Мухьэмэд бегьымбарым хьэлейки сэлату уэ сэламым и нэгъуэщ1 зы хьэдиси щыIэщ: «Къемэт махуэм Алыхьталэм и мелыIычхэм яжриэнущ: «Дунейм щынэщIаехэр нобэ я кхъащхьэхэм псы хуэлIэу, мэжалIэу хьотэджкIыж. Абыхэм жэнэтым кьифхи шхын, псы нэхъ гурыхь дыдэхэр кьахуэфхь!».

Нэщ1 мазэм мусЛъымэнхэм я гупсысэхэр нэхъыбэу зэхъэпIауэ щытын хуейр Алыхьталэращ. Абыхэм ар ягъэлъапIэ, и гуэныхьыр кьыхуигъэгъуну йолъэIу. Кьеджэфхэм Рэмэдан мазэм кьриубыдэу КъурIэныр зэрыщыту ядж. Нэщ1ым и иужьрей махуэхэр мэжджытым щагъакIуэ.

Къэдэр жэщ

Къэдэр жэщыр (лейлатуль кадр) нэщ1 мазэм и 27-нэ жэщращ икIи ар псом нэхъ-рэ нэхъ лъапIэщ1. Мы гъэм ар хуоэз накъыгъэм и 8-мрэ 9-мрэ щызэблэкIым. А жэщым Мухьэмэд бегьымбарым хьэлейхи сэлату уэ сэламым КъурIэным и япэ Iэятхэр кьыIэрыхьащ, Алыхьым кьыбгъэдэкIри. «Лъэщыгъэм и жэщыр мазэ минхэм нэхъ-рэ нэхъ лъапIэщ1! Алыхьым и фIыгъэкIэ нелыIычхэмрэ Джибрэилрэ дунейм кьыпохьэ, унафэ ящIыну» (97-нэ сурэ). Къэдэр жэщым дэтхэнэ зы цIыхуми адэкIэ кьигъэщIэнум теухуауэ, абы нэмэз ищIа иужькIэ зыщIэлъэIуэхэмрэ дыуэхэмрэ елъытауэ, Алыхьталэм унафэ хуещI. А жэщым умыжейуэ Тхьэ уельэIумэ, нэмэз пщIымэ, КъурIэн уеджэмэ нэхъыфIщ.

Нэщ1ыкIыжымрэ бытыримрэ

Хьид махуэщхуэр лъапIэщ, нэщ1ыр езыхьэкIа дэтхэнэ зы мусЛъымэнми дежкIи. ЗыщыIэныгъэмрэ зыгъэмэжэлIэныгъэмрэ еуэри сытым деж ущыщхэ, псы ущефэ хуэну зэманыр къос. Абы щыгъуэми мусЛъымэнхэм зыщагъэгъупщэн хуейкъым Iэмал зимыIэ нэгъуэщ1 зы Iуэхугъуи - бытыр сэдэкъэр. Ар зыхуэзфIэкI дэтхэнэ зы унагъуэми кьуелйсызкэм тыгъэ щахуищIыпхъэ пIалъэращ икIи нэщ1ым и иужьрей махуэхэм хьидым ипэ кьихуэу я1. Бытыбыр кьабгъэдэкIыну я кьалэнщ унагъуэм щIэс дэтхэнэми, я ныбжьым емылытаэу.

Пасэрей зэманым бытыру цIыху кьэс итыну гуэдз килограмм щырыщ хуэдиз хъун кьалъысу щытащ. Абы и фIыгъэкIэ кьуелйсызкэм илъэс псом зыхурикъун шхын хуэзхуахьэсырт. КIуэ пэтми ар ахъшэкIэ зэрахъуэкIыжу щIадзащ икIи абы и куэдагъэ зытращIыкьыр гуэдзым бззэрым щиуасэращ. Ахъшэ нэхъыбэ ептыхукIэ, дауи, нэхъ псапэжщ. Мухьэмэд бегьымбару хьэлейки сэлату уэ сэламым жи1ащ: «Нэщ1ыр щIыпIэмэрэ уафэмрэ я зэхуэхуэн дэпщ, Алыхьым и пщылIым бытыныр итыху». А псалъэхэм яужькIэ бытыр сэдэкъэр фарзу (Iэмал имыIэу гъэззэщIэн хуейуэ) кьэлъытапхъэщ.

Хьидым и япэ пщэдджыжьым мусЛъымэнхэр, пщэдджыжьышхэм и пэ къихуэу, мэжджытым макIуэри Iимамым и гъусэу нэмэз пIалъэ ящI, нэщ1ым теухуа уаз йодаIуэ.

Унагъуэ кьэс ишхынIыгуэ Iэфкэр, гурыхьэр щапщэфI, нэхъещIэхэр кIуэурэ нэхъыжьхэм йохъуэхъу, я нэщ1ыр къабыл хъуну, узынщагъэ я1эну. Нэщ1ыикIыж хьидыр махуищкIэ йокIуэкI. Мазэр къыщыцынхэм елъытауэ мы гъэм абы щIидзэнущ накъыгъэм и 12-м е 13-м.

Ислъамым и нур

● ПщIэну щхьэпэщ

Мусл ъымэным и фарзхэр

Цыху куэд щIоупщIэ мусЛъымэным и фарзхэр (къалэнхэр) зрагъэщIэну хуейуэ. Нобэ абыхэм дытепсэлъыхьынщ.

Муслъымэн диным и къежьапIэ нэхъыщхьэр Алыхьыр зэрызакъуэр уи фIэщ хъууэ ар бгъэлъапIэныгъ, гъусэ лъэпкъи хуумыщIу. Абы кьокIыр сыткIи Тхьэм жыIэщIэ ухуэхъун, хьэрэм ищIар бгъэхьэрэмыну, игъэдахэр бгъэззэщIэну.

Исламыр Iуэхугъуитхум тещIыхьащ:

Япэр ***Алыхьталэм фIэкIа нэгъуэщI Тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэмэд хьэлейки сэлату уэ сэламыр абы зэриIыкIуэм щыхьэт утехъуэнырц***. Абы кьокIыр Алыхьыр зэрызакъуэр, абы щхьэгъуэи, быни, гуэшэгъуи зэримыIэр уи фIэщ хъуныр, ар адрейхэми апхыгъэкIыныр. Мухьэмэд бегьымбарыр Алыхьым кьытхуигъэкIуа лIыкIуэщ. Ар къыщIытхуигъэкIуар тхьэ нэпцIхэм дахуэпщIылIыныр кьыдигъэгъанэу гъуэгу пэжым дытригъэувэжын папщIэщ.

ЕтIуанэ Iуэхугъуэу ислъамыр зытещIыхьар ***нэмэз уахьтитхур*** абыхэм хухаха пIалъэхэм щIынырщ - пщэдджыжьым (фарзитI хъууэ), шэджагъуэм (фарзипл1), ичындым (фарзипл1), ахъшэмым (фарзищ), жасым (фарзипл1). Мыхэр дэтхэнэ зы мусЛъымэнми Iэмал имыIэу махуэ кьэс игъэзэщIэн хуей нэмэзхэрщ.

Ислъамым и ещанэ фарзыр уи мылъкым кьыхэпхыу ***сэджыт*** ар зыхуэфащэм етынырщ. Ахъшэ е дыщэхэкI бжьгъэ гуэр уи1эу абы уемыусэу зы илъэс дэкIмэ, абы и процентитIрэ ныкъуэр сэджыту птыну кьэпотхуэ. Цыхур былымкIэ, хадэхэкIкIэ, пхъэщхьэмыщхьэкIэ, нэгъуэщI зыгуэркIэ хуэкъуеймэ, абыхэм сэджыт хэкIыпхъэщ.

Еплланэ Iуэхугъуэр Рэмэдан мазэм ***нэщI*** епхьэкIынырц. Ар мусЛъымэн илъэсым (хьиджрэм) и ебгъуанэ мазэрщ.

Етхуанэу мусЛъымэным игъэззщIэн хуейщ ***хьэжыр***. Сауд Хьэрэпым щIэ Мэккэ зыхьу, абы щигъэIэу кьэзыхьыжьын, апщIондэкIэ и унагъуэр тэмэму зэрыпсэун мылъку зиIэращ хьэжыщIыр зытехуэр. КьищынэмыщIауэ, гъэзуанэр хуэхъун хуэдэу цIыхур узыншэу щытын хуейщ. Хьэжыр ищIыну псэухукIэ мусЛъымэным зэ закъуэ фарз щыхъуу аращ. Нэхъыбэрэ хэжыщI кIуэхукIэ и псапэм хокъуэ.

Мы зи гугъу фхэзтщIа Iуэхугъуитхуращ ислъамыр зытещIыхьар. Ахэр пхузэфIэкIыу умыгъэззщIамэ, уи диныр ирикъуркъым. Зи гугъу тщIа фарзитхум языхэзэр мусЛъымэн диным щыщкъым жызыIэр джаурщ. Псалъэм папщIэ, хьэжыр е сэджытыр мусЛъымэным кьытемыхуэу зыгъэIур езыр мусЛъымэну кьэплъытэ хъунукъым, ар жэщи махуи тхьэ елъэIуу нэмэззлыкъым кьытемыкIыжу тесми.

● Уаз

Гъунэгъум IэфIу, гуапэу фахущыт

Алыхьталэм пщIэ зыхуэтщIыну кьыдигъэлъэгъуащ гъунэгъур. Бегьымбар лIыкIуэ лъапIэм уэсяту кьытхуигъэнахэми ящIыщ гъунэгъум и хьэкъыр, абы техуауэ длэжьыпхъэхэр.

ДэТХЭНЭ зы цIыхуми, мы дунейм щытеткIэ, гъунэгъу иIэн хуейщ. Ди лIыкIуэ лъапIэу Мухьэмэд хьэлейхи сэлату уэ сэламым мыпхуэдэу жеIэ: «Джибрэил мелыIычым гъунэгъум теухуауэ зэпымычу сиущийрт. Апхуэдизу тригъэчыныхьырт абы фIыуэ сыхущытыну, щIэин кьысщIэнамкIэ гуэшэгъу хъунухэм ар хьэхъэну пIэрэ, жысIэу сригъэгупсысырт». Абы кьикIыр сыт? Гъунэгъум гуапэу, IэфIу ухущытыныр ди Тхьэ лъапIэм фIыуэ зэриIэзгъуарщ.

Къыбгъэдэсым фIыуэ ухущытыныр Iиманым щыщщ. Бегьымбар хьэлейхи сэлату уэ сэламым жеIэ: «Уи гъунэгъум фIыуэ хущыти, мыIуми (фIэщхъунынгъэ) зыбгъэдэлъ ухъунщ. Уи щхьэм фIыуэ хуэпIьагъур цIыхум фIыуэ хуэпIьагъуи, мусЛъымэн ухъунщ».

НэгъуэщIуи ди лIыкIуэ лъапIэм кьиIуэтащ: «Тхьэ соIуэ Iиман имыIэн цIыхум». Апхуэдэу щэнёрэз щыжиIэм абы и гъусэкэр щIэупщIащ: «Ди лIыкIуэ лъапIэ, хэт а зи гугъу пщIыр?» «Дэжьхь и гъунэгъум хумышщIу зи зэран абы езыгъэкI цIыхум тхьэ соIуэ Iиман имыIэ», - жэуап итыжащ бегьымбарым.

И гъунэгъум теухуауэ цIыхум сыт и кьалэныр? УащыбгъэдэскIэ, махуэ кьэс уащыхьихь-уащыхэкIыжкIэ, адрейхэм ямыщIэ зыгуэр уи гъунэгъум дэпщIэнкIэ е дэпIьагъункIэ мэхьу. Гъунэгъум сыт и лъэныкъуэкIи гъунэгъущ. Адыгэм диIэщ мы псалъэжь губзыгъэр: «Гъунэгъуэрэ гъунэщIэджрэ», жыхуиIэр. Абы уэ дэпIьагъуар ущыхухэгубжьам и деж иомыхъуэныжу, ущыхэфым деж жумыIэжу убзыщIын хуейщ. УщыхуэзэкIэ ухуэгуфIэну, сэлам епхыну, псалъэ гуапэ жепIэну уи кьалэнщ. ЗыгуэркIэ и Iуэху хуэмыщIауэ щытмэ - удэIэпыкъуу, сымаджэ хъуамэ - ущIэупщIэу, Iуэхугъуэфым хуэбущийуэ уи гъунэгъум убгъэдэтын хуейщ. Абы хьэгъэщагъэ кIэлъыIэпхъэу, уепIьакIуэу, плъакIуэ-дэIуакIуэ хуэхъурэ кьэпщIар нэгъуэщIым хэпIуэтэжу ущытынур щэрихьэтым хьэрэм ищIащ.

«Фыщымысхь, ныбжьэгъуэх, фи гъунэгъум!», жаIэу зы зэман гуэрым гушыIэм кьыхэкIри ежьауэ щытащ. Жагъуэ зэрыхъущи, ди гъащIэм абы зы увыпIэ щигъуэтащ. Иджы цIыхум кьэхьыбэу тхьэусыхэу кьыщIакIуэхьыр я гъунэгъум лей кьэрахри аращ. Ар хъункIэ Iэмал иIэкъым. Абы техуауэ бегьымбар лъапIэм мыпхуэдэу жеIэ: «СэркIэ Iиман кьихьакъым, и гъунэгъур зэрымэжалIэр ищIэу зи ныбэ изу шхэ цIыхум». Апхуэдэр мусЛъымэну ямыбжу аращ мы хьэдисым кьикIыр. Муслъымэн цIыхур и ерыскъымкIэ дэгуэшэн хуейщ. Абы и шхынэр хьэнтхъупс кьудейми, ар кьыбгъэдэсы имыгъэтмэ, зы Iыхьэ гуэр хухихьпхъэщ. Аращ мусЛъымэныгъэр.

Уи гъунэгъум лей епхмэ, сыт хуэдизу псапащIэу ущытами, жыхьэнмэр кьыззэрыблэжьыр бегьымбар лъапIэм наIуэу кьыдигурегъаIуэ. Зы бзылъхугъэ гуэр щхьэкIэ Тхьэм и лIыкIуэм еупщIахэт. Абы псапэ нэщ1 иIыгъуу, жэщкIэ къэтэджыжьэ нэмэз ищIу псэурт. КIуэаракъэ, игурэ и псэрэ Тхьэм етащ хужьIэнт. АрщхьэкIэ и гъунэгъум псэкугъуэрэ тыншыгъуэрэ иритыртэкъым. Абы щхьэкIэ бегьымбар хьэлейхи сэлату уэ сэламым жи1ащ: «Абы и Iэхум хьэр хэпIькъым. Ар жьыхьэнмэ Iыхьлъыщ». Аргуэру абы мыпхуэдэу кьиIуэтащ: «Си псэр зи Iэмыщ1э илъ ТхьэмкIэ соIуэ, жэнэтым имыхьэнкIэ зи гъунэгъур зымыгъэтынш цIыхур».

Гъунэгъур кьызэрылъытэн хуейм щыщщ абы и бынми и щхьэгъусэми пщIэ хуэпщIыныр.

Мухьэмэд бегьымбару хьэлейхи сэлату уэ сэламым жи1ащ: «И гъунэгъум едыгъуэнир нэхъ гуэныхьышхуэщ и мыгъэнэгъу нэгъуэщ1 унагъуипщIым еIэбам нэхърэ». Мы хъэдисым кьикIыркъым мыгъунэгъу цIыхум уедыгъуэныр фIыгъуэу, ар мыгуэныхьу. Бегьымбар лъапIэм кьыдгуригъэIуауэ аращ гъунэгъум хуиIэ кьалэныр адрейхэм нэхърэ пщIыкIэ нэхъыбэу зэрыщытыр, абы епх лейм и хьэзабыр адрейм нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъ иныр. Алыхьым дыщихъумэ гъунэгъу Iей диIэныр, дэри апхуэдэу дыщытынри.

«Зи гъунэгъум дэхъ зыхуеезымыгъэщIыф цIыхур жэнэтым дэмыхьэнкIэ Тхьэ соIуэ», - кьыджеIэ Мухьэмэд бегьымбару хьэлейхи сэлату уэ сэламым. Ар Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм ущиеу кьыдитхэм щыщщ. Гъунэгъу пэж, тэмэм дэтхэнэ зыри Тхьэм дищI, ди IэфIыр зэдэдугуэшрэ ди гуауэр зэдэтIэту!

● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

«Къул Шариф»

Поволжье Курытым щIэныгъэмрэ диныкIэ я зыужьныгъэм я хэщIапIэ нэхъыщхьэу XVI лIэщIыгъуэм Къзан хъаныгъуэм щыIа, аэзэнджапIэ куэд зиIа мэжджыт цIэрыIуэм и теплъэм къытригъэзэжу, 1996 гъэм ар здэщыта щIыпIэм и деж ухуэныгъэщIэ ин зэхаублащ.

ТХЬЭЕЛЪЭIУПIэ тельыджэр 1552 гъэм урыс пащтыхь Иван Грознэм и дзэхэм къанэ щIымыIэу зэтрагъэхьаеу щытащ.

Мэжджыт абрагъэур икIи дахащэр Къзан кремлым и кьуькъэпIэ лъэныкъуэмкIэ щытщ. Абы фIащащ тэтэр лъэпкъ лIыхъужь цIэрыIуэ Кьул Шариф и цIэр. Мэжджытым и кIуэцIым цIыху минрэ щитхум зэуэ нэмэз щащIыфынущ, пщIантIэм иджыри минипщI дэхэунущ. Абы и ухуэныгъэр яуэри Iэтауэ кьызэIуахащ Къзан кьызэрыунэхуэрэ илъэс 1000 щрикъуа 2005 гъэм ирихьэлIэу.

«Кьул Шариф» и аэзэнджапIилI нэхъыщхьэхэм и дэтхэнэми метр 57-рэ и лъагагъэ. Унащхьэр гъэщIэрэщащ тэтэр хъанхэм зэрахьэу щыта «Къэзан пыIэр» (Иван Грознэм Къэзан къизэуа иужькIэ, Мэзкуу яшауэ Iэщэ палатэм щагъэлъэпIэу иджыпсту щаIыгъыр) уигу кьигъэкIыжу.

Мэжджытым и нобэрей теплъэр щызэфIагъэувэжым ялэм щыIам зэхъуэкIыныгъэ гуэрэхри халъхьащ, иджырей зэманым екIуу, лъэпкъ щэнхабзэм нэхъ техуэу. Кьапщтэмэ, «Кьул Шариф» мэжджытым псори зэхэту аэзэн джапIэу 8 иIэщ. Ухуэныгъэр щекIуэкIым Уралым кьраша мывэ лъапIэхэр кьагъэсэбэпащ. Иранымэ и унафэщIхэм абы щIэныгъэ алэрыбгъуэхэр тыгъэ кьахуищIащ, фэ зэмылIэужьыгуэ куэду зэхэт метритху зи бгъуагъ икIи тоннитI зи хьэлъагъ хрусталым кьыхэщIыкIа люстрэр Чехием щагъэхьэзэращ. Ар щагъэщIэращIэм дыщэхэкIыу, мывэ зэщIэцIууэзэху куэд кьызэрагъэсэбэпам мэжджытым и теплъэр тельыджэ ящI.

«Кьул Шарифым» езы мэжджытым кьищынэмыщIауэ музей-библиотекэ, тхылъедзапIэ, Iимамым и хэщIапIэ хэтщ, зыплъыхьакIуэхэр здыщIашэ пэшэри абы иIэщ.

● Хьэдисхэр

Я мылъкур къащIэныжащ

♦Дэнэ щыIэ ерыскъы IэфI ишхыу, щыгъын дахэ щыгъыу унэ зэтетхэм щыпсэуахэр? Ахэр дунейм ехьыжри я мылъкур къащIэныжащ. Иджы мащэкхъэм илъщ, дунейм здырахьэхри ящIа фIымрэ емрэщ.

♦Iэдэм и бынхэ! Фэ ерагъыу мылъку зэвгъэпэщащ, ауэ ахършэгу зэрыщIыр фIыщIгъупщащ. Дапщэщ ажалыр зэрыщIэр фигу кьыщыкIыжынур? ЗыкъэфщIэж!

● Фи лъэIукIэ

Накъыгъэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыкъуэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, щэбэт	03.24	05.00	12.13	16.06	19.08	20.52
2, тхьэмахуэ	03.22	04.59	12.13	16.06	19.09	20.54
3, блыщхьэ	03.20	04.57	12.13	16.06	19.10	20.56
4, гъубж	03.18	04.56	12.13	16.07	19.11	20.58
5, бэрэжьей	03.16	04.55	12.13	16.07	19.13	20.59
6, махуэку	03.15	04.53	12.13	16.07	19.14	21.01
7, мэрем	03.13	04.52	12.13	16.08	19.15	21.03
8, щэбэт	03.11	04.51	12.13	16.08	19.16	21.05
9, тхьэмахуэ	03.09	04.50	12.12	16.09	19.17	21.07
10, блыщхьэ	03.08	04.48	12.12	16.09	19.18	21.09
11, гъубж	03.06	04.46	12.12	16.10	19.19	21.10
12,бэрэжьей	03.04	04.46	12.12	16.10	19.20	21.12
13, махуэку	03.03	04.45	12.12	16.10	19.21	21.14
14, мэрем	03.01	04.44	12.12	16.10	19.23	21.16
15,щэбэт	03.00	04.43	12.12	16.11	19.24	21.17
16, тхьэмахуэ	02.58	04.42	12.12	16.11	19.25	21.19
17, блыщхьэ	02.57	04.41	12.12	16.11	19.26	21.20
18, гъубж	02.55	04.40	12.12	16.12	19.27	21.22
19, бэрэжьей	02.54	04.39	12.13	16.12	19.28	21.24
20, махуэку	02.52	04.38	12.13	16.12	19.29	21.25
21, мэрем	02.51	04.37	12.13	16.13	19.30	21.27
22, щэбэт	02.50	04.36	12.13	16.13	19.31	21.28
23,тхьэмахуэ	02.48	04.35	12.13	16.13	19.32	21.30
24, блыщхьэ	02.47	04.35	12.13	16.14	19.33	21.31
25, гъубж	02.46	04.34	12.13	16.14	19.34	21.33
26, бэрэжьей	02.46	04.34	12.13	16.14	19.34	21.33
27, махуэку	02.44	04.33	12.13	16.15	19.36	21.35
28, мэрем	02.42	04.32	12.13	16.15	19.36	21.37
29, щэбэт	02.41	04.31	12.14	16.15	19.37	21.38
30,тхьэмахуэ	02.40	04.31	12.14	16.16	19.38	21.39
31, блыщхьэ	02.39	04.30	12.14	16.16	19.39	21.41

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусл ъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

● УпщIэ - жэуап

Щыгъуазэ зыхуэфщI

- ЦIыхухъум пыIэ щхьэрымыгъыу нэмэз ищI хъуну?

- ЦIыхухъум и щхьэр мэхьрэмкъым *(нэмэз щищIкIэ щIихьумалтхьэхэм ящыщкъым)*. ПыIэр щхьэрымыгъыу нэмэз ищI хъунущ, ауэ сарыкъ, пыIэ цIыкIу е щхьэр зыгуэркIэ щIихьумэу ищIмэ нэхъ псапэщ. *(Iэт-Тадж, Муптэкъэ).*

- ПIэм ухэлъу КъурIэн уеджэ хъуну?

- КъурIэн еджэну хуейм япэ андез къищтэу къаблэмкIэ зигъаззу еджэнырэ нэхъ псапэщ. АрщхьэкIэ пIэм ису еджэмэ хъунущ. *(Фатауаи Хиндийе).*

- КъурIэн еджэкIэ тщIэркъым. ГукIэ тхуэзгъэщIар Iэлхьэмрэ къулхуолэрэщ. Нэмэз тщIыну дыхуейщи, абыкIэ зэрIэкIыну?

- Нэмэзым Iэмал имыIэу КъурIэным щыщу зы Iэят кIыхь е Iэят кIэщI щыкIуищ теплъхьэн хуейщ. Мыр нэмэзым и фарзхэм ящыщщи, Iэмал иIэмэ зэгъэщIэн хуейщ. Iэлхьэмырэ кулущIэу зэхуолэмкIэрэ пщIы нэмэзри тэмэмщ. *(Фыкъхьуи Ислъам).*

- Дыгъэр къыщыкъуэкIым е щыкъухьэм и деж КъурIэн уеджэ хъуну?

- Мы упщIэм теухуауэ мусЛъымэн щIэныгъэлIэхэм ящыщ гуэрхэм жаIа: «Дыгъэр къыщыкъуэкIым, щыкъухьэм, щхьэ щыгум щитым КъурIэн уеджэ нэхъ-рэ бегьымбарым щэлат-сэлам къыхуэпхьым, зэчыр жыпIэм нэхъыфIщ». -КъурIэн уеджэми ягъэ кIынкъым», - жызаIаи щыIэщ.

Мы епIэлыкIитIым къокI хуейр КъурIэн еджэну, хуейм бегьымбарым сэлам къыхуихьыну, зэчыр жи1эну. *(Фатауаи Хиндийе).*

● Чэнджэщ

Тхьэм фелъэIу

ЦIыхур сытым щыгъуи и гумкIи и бзэмкIи (макъыкIэ) Тхьэм елъэIун хуейщ. Алыхым зэрызыхуэбгъэзэнур хэхауэ, Iуэхугъуэ гъэбелджылауэ щымыту мыхъуну аракъым. ЦIыхур Къытщхьэщытым фIыкIэ елъэIупхъэщ дапщэщи, ар зэрищIэнури езым и анэдэлъхубзэм къызэритIэсымкIэщ, гукъыдэж зэриIэм хуэдэущ.

IУЭХУГъУЭ пыIухыкIахэм тегъэщIауэ щытынкIи мэхъу Алыхым зэрелъэIур. Псалъэм папщIэ, унагъуэм сабий кьыхэхъуэмэ, унэщIэм ущIэтIысхьэжмэ, фIыгъуэ гуэр кьоуалIэмэ, фызышэ укIуэмэ, нэгъуэщIхэми.

Тхьэ елъэIуным купщIэу хэлъыр - ар Алыхь закъуэм зэрызыхуэбгъазэ псалъэр гумрэ псэмрэ кьыбгъэдэкIыу щытынращ. Араш Тхьэм пIихьынри.

Алыхым зэрелъэIу псалъэр КъурIэным кьихауэ щыткъым - ар дэтхэнэ цIыхуми езым зэхилъхьэ псалъэщ.

Адыгэхэр дыщыхъуахъуэкIэ, жытIэхэр Тхьэм елъэIуныгъэ щыкIэкIэ гъэпсащ. Абы и лъэныкъуэкIэ а хъуэхъуэхэр духьэщ.

Мухьэмэд бегьымбар лъапIэу хьэлейки сэлэту уэ сэламым жи1ащ: «ЦIыхум фIыгъуэ кьыхуэзыхьыр и Iэпкълъэпкъым щыщу Iыхьэ цIыкIуитIыр аращ: и бзэгумрэ и гумрэ. ЦIыпсальэкIэ и бзэгупэм фIыгъэмрэ Тхьэм и цIэмрэ дапщэщи телъщ, и гур итхьэщIыкIамэ, апхуэдэ цIыхур икIи кьабзэщ, икIи Iумахуэщ, икIи насыпыфIэщ, гуэзгу тэмэми тетщ».

ЦIыхум и гум илъым, и мурадхэм, и гуращэм, и дуней тетыкIэм кьапкъорокIыж, кьагъэщIыж пщэдейм кьипсэуну ГъащIэр зыхуэдэнур. Араш цIыху щыкIам щхьэкIэ «Зигугъ и нэгу щIэльщ» щIыжаIэр.

Дэтхэнэ зы цIыхуми и дуней тетыкIэр гупсысэшхуэ хэлъу кьызэщIикъуэжрэ щIэгъэщхьэуауэ иубзыхужу, адыгэм жи1ащ: «Узэджэр кьокIуэ». Едвгъэгъапщэт ар Тхьэ лъапIэм и псалъэм: «Нэхъыбэрэ фыкьызэлъэIу, фи лъэIур си деж къэсынщ».

Алыхым и псалъэмрэ ди лъэпкъым и набдзэгубдзапIьагъэ чэнджэщэмрэ гъэзугъэльагъуэщ дэтхэнэ адыгэ мусЛъымэным деж.

● Зиуз

Ислъамым и нур

● ПщIэну щхьэпэщ

Мусл ъымэным и фарзхэр

ЦIыху куэд щIоупщIэ мусЛъымэным и фарзхэр (къалэнхэр) зрагъэщIэну хуейуэ. Нобэ абыхэм дытепсэлъыхьынщ.

Муслъымэн диным и къежьапIэ нэхъыщхьэр Алыхьыр зэрызакъуэр уи фIэщ хъууэ ар бгъэлъапIэныгъ, гъусэ лъэпкъи хуумыщIу. Абы кьокIыр сыткIи Тхьэм жыIэщIэ ухуэхъун, хьэрэм ищIар бгъэхьэрэмыну, игъэдахэр бгъэззэщIэну.

Исламыр Iуэхугъуитхум тещIыхьащ:

Япэр ***Алыхьталэм фIэкIа нэгъуэщI Тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэмэд хьэлейки сэлату уэ сэламыр абы зэриIыкIуэм щыхьэт утехъуэнырц***. Абы кьокIыр Алыхьыр зэрызакъуэр, абы щхьэгъуэи, быни, гуэшэгъуи зэримыIэр уи фIэщ хъуныр, ар адрейхэми апхыгъэкIыныр. Мухьэмэд бегьымбарыр Алыхьым кьытхуигъэкIуа лIыкIуэщ. Ар къыщIытхуигъэкIуар тхьэ нэпцIхэм дахуэпщIылIыныр кьыдигъэгъанэу гъуэгу пэжым дытригъэувэжын папщIэщ.

ЕтIуанэ Iуэхугъуэу ислъамыр зытещIыхьар ***нэмэз уахьтитхур*** абыхэм хухаха пIалъэхэм щIынырщ - пщэдджыжьым (фарзитI хъууэ), шэджагъуэм (фарзипл1), ичындым (фарзипл1), ахъшэмым (фарзищ), жасым (фарзипл1). Мыхэр дэтхэнэ зы мусЛъымэнми Iэмал имыIэу махуэ кьэс игъэзэщIэн хуей нэмэзхэрщ.

Ислъамым и ещанэ фарзыр уи мылъкым кьыхэпхыу ***сэджыт*** ар зыхуэфащэм етынырщ. Ахъшэ е дыщэхэкI бжьгъэ гуэр уи1эу абы уемыусэу зы илъэс дэкIмэ, абы и процентитIрэ ныкъуэр сэджыту птыну кьэпотхуэ. Цыхур былымкIэ, хадэхэкIкIэ, пхъэщхьэмыщхьэкIэ, нэгъуэщI зыгуэркIэ хуэкъуеймэ, абыхэм сэджыт хэкIыпхъэщ.

Еплланэ Iуэхугъуэр Рэмэдан мазэм ***нэщI*** епхьэкIынырц. Ар мусЛъымэн илъэсым (хьиджрэм) и ебгъуанэ мазэрщ.

Етхуанэу мусЛъымэным игъэззщIэн хуейщ ***хьэжыр***. Сауд Хьэрэпым щIэ Мэккэ зыхьу, абы щигъэIэу кьэзыхьыжьын, апщIондэкIэ и унагъуэр тэмэму зэрыпсэун мылъку зиIэращ хьэжыщIыр зытехуэр. КьищынэмыщIауэ, гъэзуанэр хуэхъун хуэдэу цIыхур узыншэу щытын хуейщ. Хьэжыр ищIыну псэухукIэ мусЛъымэным зэ закъуэ фарз щыхъуу аращ. Нэхъыбэрэ хэжыщI кIуэхукIэ и псапэм хокъуэ.

Мы зи гугъу фхэзтщIа Iуэхугъуитхуращ ислъамыр зытещIыхьар. Ахэр пхузэфIэкIыу умыгъэззщIамэ, уи диныр ирикъуркъым. Зи гугъу тщIа фарзитхум языхэзэр мусЛъымэн диным щыщщкъым жызыIэр джаурщ. Псалъэм папщIэ, хьэжыр е сэджытыр мусЛъымэным кьытемыхуэу зыгъэIур езыр мусЛъымэну кьэплъытэ хъунукъым, ар жэщи махуи тхьэ елъэIуу нэмэззлыкъым кьытемыкIыжу тесми.

● Мэджыдэ

Ислъамым и нур

● ПщIэну щхьэпэщ

Мусл ъымэным и фарзхэр

ЦIыху куэд щIоупщIэ мусЛъымэным и фарзхэр (къалэнхэр) зрагъэщIэну хуейуэ. Нобэ абыхэм дытепсэлъыхьынщ.

Муслъымэн диным и къежьапIэ нэхъыщхьэр Алыхьыр зэрызакъуэр уи фIэщ хъууэ ар бгъэлъапIэныгъ, гъусэ лъэпкъи хуумыщIу. Абы кьокIыр сыткIи Тхьэм жыIэщIэ ухуэхъун, хьэрэм ищIар бгъэх

● Фэеплъ

Цыхубэ артистКэ Мэшыкъуэ Феня

КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, игъэзэщIа ролхэмкIэ цIыхум я гум гуапэу кьинжа Мэшыкъуэ Феня дунейм зэрехьжрэ илъэс щIрикъум ирихьлIэу Щоджэнцыкыу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр хэгъэрал драмэ театрым фэеплъ пшыхь кьыщызэрагъэпэщащ.

ФЕНЯ дэлэжьахэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ а бзылъхугъэ гуащIафIэм теухуа гукъэкIыж дахэхэр щалуэтэжащ пшыхьым. Кэудым ящIэ Мэшыкъуэ артист телъыджэу зэрыщытам и мызакъуэу, цIыху нэсу, бзылъхугъэ ерыскъыфIэу дунейм зэрытетар.

Театрым и артистхэр кьиззохуэсахэм ядэгуэшащ Феня и гъусэу спектакль щагъэувэжм деж кьащыщIа хъыбархэмкIэ. ГушыIэр зи щIасэу щыта бзылъхугъэм и дуней тетыкIа дахэм хуэдэу, гукъэкIыж дахэ защIэщ кьита гъэнар.

Пшыхьым щагъэлъэгъуащ Мэшыкъуэр щыджэгуу щыта спектаклхэм щыщ пычыгъуэкэр.

- Феня тхьэмыщкIэр пандемием и пэщIэдзэ дыдэм дунейм ехьжати, хуэфащэ пщIэ хуэтщIыжыфатэкъым. Ар дигу кьеуэрт театрым щылажьэ псоми, абы кьыхэкIы, ди театрым и унафэщIхэм абы и фэеплъ пшыхь ящIыну кьыщыхалъхьэм, псоми дэтIыгъащ. Нобэр кьызэдэсым дыхуоэзш а цIыху гуапэм, - жиIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэ.

Мэшыкъуэ Феня Бахъсэн щIынальэм хьихьэ Къубэ-Табэ кьуажэм кьыщалъхуащ 1947 гъэм фокIадзэм и 18-м. Курыт еджапIэ нэужьым ар щIэтIысхьащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэта училищэм. Ар кьиухри, Феня кьыщалъхуа кьуажэм кIуэжащ, ауэ кэудэ абы щымыпажьэу, кьалащхьэм кьигъэзэжащ икIи Щоджэнцыкыу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал драмэ театрым и студием щIэтIысхьащ.

Утыку итыкIэм и щэху кэуд щызэригъэщIащ абы а Iуэхущ1апIэм, актрисэ Iэщагъэмэ нэхъри щыдихьэжащ. Москва кьалэм Щукиным и цIэр зэрихьэу дэт театральнэ еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэныи щытегушуар аращ. 1975 гъэм ар кьиухри, актрисэм кьигъэзэжащ адыгэ театрым икIи абы и гуп зэкъуэтым зэнщIэу хэзэгъащ. Абы кьыщыщIэдзауэ Феня и гъащIэр кьигуэхьипIэ имыIэу пыщIауэ щытащ лъэпкъ театрым.

Гукъинэжщ абы игъэзэщIа дэтхэнэ ролри - ар гушыIэ ирехъу, цIыхум и гущIагъыщIэлъхэр кьыщиIуэта сценаклу щрырет.

Мэшыкъуэ Феня и творчествэр лъэныкъуэ кэуду зэтепщIыкIырт - ар актрисэ зэчиифIэу зэрыщытым, утыкум дахэу зэритым кьыдэкIуэу, егъэджакIуэ Iэзэт - Кавказ Ищхъэрэм гуъэдзакэмкIэ и кьэрал институтым и доцентт, актёр Iэзэгъымрэ бзэмкIэ егъэджакIуэт. И лэжьыгъэфIым пащIэ Феня мызэ-мытIэу ягъэпэжащ, кьэрал гулъытэ кьыхуащIу - абы хуэфащэ дыдэу кьыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артисткэ» цIэ лъапIэр, «ЩIыхьи и Дамыгъэ» орденыр кьаратащ.

Абы и гъащIэ гъэзэгуанэр кьикIуащ кьыхихэ Iэщагъэм хуэпэжу, и гъащIэм гъуэзэу щигъэувэхэм кьытекIакьым. Актрисэ щыпхьэм цIыхугъэшхуэ хэлът, гумащIэт, и Iэщагъэм фIы дыдэу хищIыкIырт, гъащIэр фIыуэ ильагъурт, и гур дахагъэм сыт щыгъуи хуэзIухат.

Лъэпкъ гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыща Феня кьыдэлэжьэхэм, и творчествэр фIыуэ зыльэгъуахэм я гум хэмыгъуащэжьи лъагъуэ щыпхишащ. И ахърэтыр нэху Тхьэм ищI!

ТЭРЧокъУЭ Дисэ.

● Щапхъэ

Дэнэ дахагъэр къыщежьэр

Къэршей-Шэрджэсым хьихьэ, Беслъэней жылэм кьыщалъхуащ, Черкесск кьалэм щопсэу Абыдэ (Уэхъутэ) Ася. Кэудым уэхъэкIуэлъакIуэщ: сабий гъэсакIуэщ, Iэпэ1эсэщ, сурэтыщIщ, ментальнэ арифметикэри кьигъэIэращ. Ижагъуащ - Едыдэрэ Асярэ бынитI яIащ. ЩIалэри хъыджэбзри студентщ. Бзылъхугъэ жыджэрым и цIыху щIыкIэр фэдгъэцIыхуну ди гуапэу, упщIэ зыбжанэм кьыпэдгъэджэжащ.

- Ася, цIыхур Iэщ1агъэ гуэрым кьыхуигъэщIу жаIэ. Бгъэунэхуа?

- Мы дунейм дэтхэнэми хьэл-щэн, щытыкIэ щхьэхуэ диIэу дыкьытохьэ. Iэщ1агъэ тхуэхъунури, кьалэну дгъэзэщIэнури тхэлъ хьэзыру дыкьигъэщIу кьыщIэкIынущ. Пэжщ, укъызыхуигъэщIар кьэбгуэтыжьыным зэман текIуэдэнкIи хьунщ. Ауэ си фIэщ мэхъу ар гъащIэм IуэрхэмкIэ кьыдиIуэкIыу. Иджы сэ зы гукъэкIыжкIэ щIыхьэт сытекъуэжьинщ мы жысIам. Сабиигъуэм сыхуеплъэкIыжмэ, гукъэкIыжхэм сахохьэ. Мис, псалъэм папщIэ, си нэгу щIэтщ сабий садым япэ дыдэу щысщIауэ щыта суратыр: топ цIыкIурэ ныпрэ. Сегугъуэну сщIат - апхуэдизу жьжьэу сызэплъэкIыжа пэтми, а дакъикъэм сэ сыззэрыта щытыкIэр иджыпсту зыхызощIэж. Бэлыхь злэжьа сфIэщIыжу, сурэтыр кьызэрызэхъуIам ельэлеиуэ сыщIигуфIыкIыу унэм сыкъэсыжри, си адэм зыхуэзгъэщIэгъуат! «Сыт а махуэр апхуэдизу кууэ си гум кьыщIинар?» Сопгупыс иджыпстуи, кьызгуроIуэж: псэкIэ сысурэтыщIуу кьыщIэкIынущ.

- Уэ сабий садым ущолажьэ. ЦIыкIуэхр бгъэсэныжмкIэ, абыхэм уахэтыныжмкIэ гукъыдэж кьыпхэзыльхьэр сыт?

- Сэ Къэршей-Шэрджэсым щыIэ Педагогикэ институтым и художественнэ-графикэ факультетым сыщеджащ. Ар кьызэрызухыуи, сабий садым щылажьэн щIэздзащ. ЦIыкIуэхм ягу кьабзэ цIыкIуэхм сыдахьэхри, абы сыкъэнащ - илъэс кэуд хьауэ сахэтщ. Хэти ещIэ: сабийхэм уадэлэжьэныр гугъуц. Къару кэуд ятьбогъэкIуадэ, жэуапыныгъэшхуэ ухъу. Ауэ щыхъукIи, абы езыхэми кэудым ухуагъасэ. Ухуагъасэ гъащIэм ущыгуфIыкIыным: дыгъэ кьепсми, удз гъэгъахэми, тхьэмпэ цIыкIуэхми, уэшх ткIуэпсхэми, лэгъупыкъуми, жьыбгъэми гукъыдэж кьыпхалъхьэныр.

Къару кьысхалъхэ цIыкIуэхэм. Сыщхьэхьыну схущIэзымыгъэхьэ къару! Ахэр згъэгуфIэну сыхуейщ махуэ хэсщ. Я нэхэр лыду таурыхъым кьыхэзгъэхутэным папщIэ, Iэмал щIэщыгъуэ кэуд кьызогупсыс. Хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр, сурэтхэр яхузощI. Гъхьэм кьэхэщIыкIауэ декорацэхэр – быдапIэ, жыг, метриті зи лъагагъ удз гъэгъа, апхуэдэуи, унагъуэ псэущхьэхэмрэ хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIэмрэ я теплъэр зиIэ, езы цIыкIуэхм ящхьэрыгъэну пыIэхэр – кэуд яхузощI. Зыми имылъэгъуа гъэщIэгъуэн гуэр щIэх-щIэхыурэ язгъэльагъуну сфIэфщI. Апхуэдэурэ, езы цIыкIуэхм я гупсысэри кьыззэрокIри, я хьэл-щэнхэр содж.

- Iэпщ1эпъапщ1эным дауэрэ удихьэха? Сыт уи IэрыкIэкIэр кьызыхэпщIыкIыр?

- Iэпщ1эпъапщ1эным сыдэзыгъэхьэхар си анэшхуэмрэ си анэмрэщ. Упщ1э, арджэн щIыным, щы зэрыхъэным, дэным, адыгэ шхыныгъэхэр IэфIу пщэфIыным - си нанэр зыхуэмыIэкIуэльэкIуэ щыIэтэкъым. Кьуаджэм хьэгъуэлIыгъуэ кьыдэхьуэмэ, Iуэхур щыIэзыхьэр кьельэIум яшэрэр, кьечэнджэщхэр. Си анэр дэрбзэрщ. Зы щэкI кIапэ кьыIэрыхьэмэ, дахэ гуэр кьыхищIыкIыфынущ. Сэри ар щапхъэ схуохъу. Си хьэпшыпхэр щым, пхъэм, фэм, гъущIым, щэкIым кьыхызощIыкI.

- Уда гъэгъа теплъэ зиIэ уэздыгъэхэр. Мыбыхэми я гугъу кьытхуэущ.

Си гъэсэн цIыкIуэхр дезгъэхьэхын папщIэ удз гъэгъахэр яхуэсщIуэрэ сыхуэкIуа хьуащ абы. Зыгуэрхэр сщIым, кьыхэзгъэхьуэрэ, удз гъэгъахэр уэздыгъэу кьыныпэну сщIыныр сигу кьэкIащ. Зыльагъуэхэр екъуэлпсэмэ, яхуэсщIуэрэ, абыи сыдихьэхащ - иджыпсту а удз гъэгъа уэздыгъэхэм сызыIэпишэу солэжь. Зезыгъэсэну хуейхэм папщIи Iэмал сыхуекIуащ - сыщылажьэкIэ видео тесхьупэ, интернетым сызыхолъхьэ. Кэудым си уэздыгъэхэр ягу ирихьри, езыхэми зрагъэсащ. Сэ си гур хегъахъуэ Iэщ1агъэкIэ кэгъащIхэм сазэрыдгъэшэфым.

- ЦIыху сурэт пщIыныр нэсу кьызэрохьулIэм гу лъытащ. Абыи сыт и щэхур?

- Псом нэхърэ нэхъ си гум кьищтэр цIыху сурэт - портрет - сщIынырщ. Абы зы щэху хэпщ пэжри: цIыхум и нэм ущIэплъэмэ, кэуд кхьбгуроIэ. Портрет щысщIкIэ араща сызэрыгъуаэзр - нэхэрщ.

- Гъэщ1эгъуэнщ цIыхум зэфIэкIыу кьылъыкъуэкIынкIэ хъунур зыхуэдизыр! Иджыри кьэс дызытепсэлъыхьаэр гъуэзджэм ятпэнщ. «Ментальная арифметика» жыхуэтIэм уэ уэрыдихьэхыр сытым етпхыну?

- Ар си адэр щыпсэум кьысхилъхьауэ щытагъэнущ. Ауэ срилэжьэным щытезухуар нэхъ иужькIэщ. ТелевизоркIэ, интернеткIэ сыкIэлъыплъыр а псынщIэрыбжэм сабийхэм я щхьэ щIыкIуэр фIыуэ зэриугъэлажьэм, я Iэпхъуамбэхэр зэблагъэжу зэрыбжэм. ИтIанэ сэри сызыдэлажьэ сабийхэм сахуэхъуэпсащ а псоми хуэлэкIуэлаКIуэу щытыну. Сэ псынщIэрыбжэм теухуауэ зыгуэрхэм сыщыгъуаэзти, сабий садым и унафэщIым сепсальэри, кьысхуигъэдэхащ Iуэхум и ужь сихьэну. Сэри зыгъэгувакьым. Абы сыкуеджащ, иджы сыролажьэ.

Елсэльар **ГУГЪУЭТ Заремщ.**

● Банк Iуэхухэр

Iуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпхэм хохьуэ

«Мэкъумэщбанк» АО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щIиIэ и кьудамэм къыдигъэкIа пластикэ картэхэм хуэдэ 1,3-кIэ хэхъуащ илъэс блэкIам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ.

2021 ГЪЭМ и мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу «Мэкъумэщбанкым» и зэрыщащхуэ картэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ кьудамэм кьыщыдагъэкIаехэр мини 165-м щIигъащ. Илъэсыр кьыззэрихьэрэ апхуэдэу мини 2,1-рэ цIыхухэм ирата-щ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм нэхъри хуэдэ 1,3-кIэ нэхъыбэщ.

«Мэкъумэщбанкым» и Iуэхутхьэбзэкэр къэзыгъэсэбэпхэм я тыншыгъуэм хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщыбубгу терминалхэм я бжыгъэм: республикэм бакномат 33-рэ щыгъэуащ, абыхэм ящыщу 15-р Налшык кьалэм дэтщ. Жэщ-махуэ щытыкIэм тету банкомат 23-рэ мэлажьэ. ХьыбгерагъащIэщхуапIэ IэнатIэхэм терминал 15 щIэтщ. Кьудамэм и улахуэ зэрат Iуэхутхьэбзэм пыщIащ Iуэхущ1апIэ 234-рэ, ялэ мазищым кьриубудэу иджыри Iуэхущ1апIи 6 кьажхъэщхэр.

«Мэкъумэщбанкым» и пластикэ картэхэр зэрыщащхуэ Iэмалым и пкъыгъуэу ди Iуэхутхьэбзэр кьэзыгъэсэпэбхэм я гъащIэм кьыгъэхъэпIэ имыIэу хэпща хъуащ. Абыхэм Iэмал яIэщ ахъшэ кьахахьну, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм я пщIэр, зэрыпсалъэ, телевиденэ Iуэхутхьэбзэхэм и уаэсэр иратыну.

КЪЭХЪУН Бэч.

Тхыдэр къретхыкIыж, и цIэр дыщэпскIэ хигъэувэурэ

Гъатхэпэм и кIэм Бурятием и къалащхъэ Улан-Удэ щызэхэта Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионатым хуабжьу дыщыкIэлъыплъащ килограмм 92-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм. Куэд дыдэ щIэхъуэпсырт Урыш Анзор абы ди къэралым зэи къыщымыхъуа щыхузэфIэкIыну. Ар къехъулIэн папщIэ адыгэ щIалэр яхэхуэн хуейт медалхэм ящыщ зы зэратынухэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Анзор епщыкIуIанэу зэкIэлъхъэжьэу (2008 - 2021 гъэхэм) къэралым и бэнакIуэ нэхъыбэщым яхэхуэнут. Иджыри къэс ар зыхуэзфIэкIа щIэтэкъым.



● БэнэкIэ хуит

ДОМБЕЯКЪ медалыр нэгъабэрэ зэхьэзэхуэм кьыщихьри, Урыш Анзор пъэщIыхьэжат пщыкIуцIэ зэкIэлъхъэжьэу кьэралым и бэнакIуэ нэхъыбэщым яхэхуа Гацалов Хьэжмурат. Ар кьэралым щытепщат 2001-2013 гъэхэм. Абы щыгъуэми осетин щIалэм дыдейр нэгъуэщI IуэхугъуэкIэ ефIэкIат: ар быниблым я адэщ, Хьэжмурат иIэр зыкIэ нэхъ мащIэт.

Илъэс зыбжанэ дэкIащ Гацаловым бэнэн зэрыщигъэтрэ. Урыш Анзор уейуей жриГъэIэу иджыри утыку итщ. И ныбжьыр илъэс 34-рэ ирикъуами, нэхъ щIалэIуэхэм ноби ар иофIэкI. Абы и щIыхьтщ Улан-Удэ иджыблагъэ щекIуэкIа Урысей Федерацэм и чемпионатыр.

Хэгъэрейхэм ящыщ Сергин Нъургун япэу хьэрхуэрэгъу кьыхуэхъуащ. Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну къэкIуэлам я нэхъыбэр абы дэщIми, Анзор и нывкъуэхъгъум зы Iэмали иритакъым. АдэкIэ кьыпэщIэхуа Шэшэным къикIа Минкаилов Зелимхьани хуэмыхутэкъым, ауэ Урышым пэщIэтыфIынуxэм ящыщтэкъым.

Финалым и Iыхьэ ныкъуэм кьигъэлъэгъуащ Анзор хуэфащэн щIэблэ кьызэрыщIэхъуэр. Красноярск крайм и щIыхьыр зыхъумэ Урышым абы кьыщыпэващ Кърымым и щIэкIэ иджыпсту утыку ит ЗакIуий Анзор.

Адыгэ щIалитIым я зэпэщIэтынигъэр хуабжьу гуащIэт. Нэхъ зи щIалэгъуэ ЗакIуийр мыгувэу япэ ищащ 1:0-у. Абы Урышым и Iэзагъэр пигъэуващ икIи зэрыбэнэну хуэхха зэманым кьриубыдэу бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжьфащ. КъекIуэкI хабзэмкIэ мы спорт лIэужьыгъуэм зэрытемыгъакIуэ щIэкъым: бжьыгъэр зэхуэдэмэ, иужьу балл къэзыхьар нэхъыфIу екIуалытэ. Арати, Урыш Анзор финалым кIуащ икIи дыжьын медалыр нэхъ мыхъуми и Iэрылъхьэт. Абы къикIыр къэралым и рекорд игъэувауэ - епщыкIуплIанэу зэкIэлъхъэжьэу Урысей Федерацэм и чемпионатхэм я медалхэр зыIэрифагъэхьащ! ФIэщщIыгъуейщ абы зэгуэр нэгъуэщI efIэкIыфыну. Езы Анзор ар етIанэгъэ иригъэфэкIуэфыну аращ.

Урышыр финалым хуэпабгъэт. Хьэзырт килограмм 92-рэ зи хьэлъагъэм я дежэ къэралым щынэхъ лъэщ хъуну. Абы папщIэ хигъэщIэн хуейт Даниэлстэным щыщ Курбанов Магомед. АрщхьакIэ Iуэхур зэрыщымыгугъауэ къыщIидзащ - дохутыр-хэм кьыхуадакъым Анзор адэкIэ бэнэну. ЩхьэусыпIуэр - и лъэгуажьэм игъэтауэ щыта фэбжь хьэпIэр кьызэрыетэжарщ. Утыкум щитым, хуабжьу кьызэщIэплъати, ар зыхищIэщакъым. ИужькIэ зэщIэбэгащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, текIуэм хуэдэу адыгэ щIалэр ягъэпэпащ икIи яIэ-щащ. «Урыш Анзор и телъыджагъэр умыгъэщIагъэун пльэкIыркъым, - жиIащ зэхьэзэхуэм кьрикIуэхэм щытепсэлъыхьыным Урысейм Спорт бэнэкIэмкIэ и Федерацэм и тхьэмадэ дэ Мамиашвили Михаил. - ЗэкIэлъхьэужьу пщыкIуплIрэ хэрадзэ и чемпионатхэм медалхэр кьызэрыщихьар щыхьэт тохъуэ абы кьыхиха спорт лIэужьыгъуэр фIы дыдэу зэриIэтыжьмрэ зэфIэкI лъагэ дыдэхэр зэриIэмрэ. Абы тхыдэр къретхыкIыж, и цIэр дыщэпскIэ хигъэувэурэ. Урышыр щапхъэ къудей къым, атIэ бэнэным, кьыдэщIхэм, щалъхуа республикэм яхуиIэ лъагэуныгъэмкIэ гъащIэм купщIэ хэзыльхьэщ. Илъэс кэуд хьауэуэ утыку итми, и Iэзагъым хигъахъуэ зэпыту къокIуэкI. Кьэралым и командэ кьыхэхам щыбанэхэм я дежкIэ ар къуэш нэхъыжь пэлъытэщ, ди дежкIэ шынэхъыщIэщ. Анзор сеплъыхукIэ кьызгуроIуэ абы иужь псалъэр зэпеуэ гуащIэхэм иджыри зэрыщыжимыIар!»

Урышым и лъагэуэ дахэм зэрырикIуэнур Бурятием наIуэ кьыщытщицащ ЗакIуий Азэмэт. И лъэхэгъуцIэрыIуэм зымащIэкIэ кьыпикIуэта иужькIэ, ар финал цIыкIум щытекIуащ икIи Урыш Анзор абы щыхигъэщIа Минкалов Зелимхьан. иужьу ефIэкIыжри, домбейкъ медалыр кьихьащ. Адыгэ щIалитIыр зэгъусэу тетащ къэралым и бэнакIуэ нэхъыфIхэр щаIэта лъагапIэм.

«Сэ зэи апхуэдэу егъэлеяуэ сыкIэлъыплъакъым икIи сыбжакъым хэт дапхуэдизэ медаль Урысей Федерацэм и чемпионатхэм кьыщихьами, хэт сыт хуэдэ рекордхэр игъэувами. Тхыдэм сыхьхьэныи сыкуIэкIуэжакъым, - жиIат нэгъабэ Анзор, - ауэ илъэс кьэс зэхьэзэхуэхэм ерыщу зыхузогъэхьэзыр икIи текIуэнигъэхэм ерыщу сыхущокъу. Япэ сильэдэну сыхуейкъым, ауэ иджыри зыкъомрэ сыбзэну си мурадщ». А псалъэхэм адыгэ щIалэр быдэу тетщ, дяпэкIи дызэрыщIигуГыр араща.

Фигу къэдгъэкIыжми, лейуэ кьытщыхъуркъым Урыш Анзор 2008 гъэ лъанэрэ Урысей Федерацэм и чемпионатхэм зэпымыууэ кьызэрыщIыхэжаныкIыр. Ар тIэунейрэ кьэралым и чемпион хъуащ, иджы етхуанэу етIуанэ увыпIэр иубыдащ, блэнейрэ домбейкъ медалхэр зыIэригъэхьащ.

КьищынэмыщIауэ, Урыш Анзор Европэм тIэунейрэ и чемпионщ, Лондон щекIуэкIа Олимпиадэм 2012 гъэм хэтащ, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм екъупIэнигъэхэр щиIащ. Ар УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерщ, кьэралым и командэ кьыхэхам 2009 гъэм щыщIэдзауэ ираджэ. И ныбжьыр илъэс щэщIрэ плIырэ зэрыхъуар абы зыкIи кьытехьэлъэркъым икIи дяпэкIи текIуэнигъэ инэм хущIэкъунущ.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Мыхьэнэшхуэ зыгъуэта зэхьэзэхуэ

«Динамо» урысейпсо спорт зэгухьэныгъэм и дамыгъэм щIэту Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекIуэкIаш «Дети Кавказа» тхэквондомкIэ хэрадзэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Урысейм и щIыналъэ 15-м кьикIа спортсмен 300-м щIигъу.

● Тхэквондо

«ДИ КЪАЛэН хэхъущхьэр - спортым зэрыхъукIэ сабий нэхъыбэ кьызэшэнырщ. Ахэр пэжу гъэсауэ щытын хуейщ. Шэч хэмылъу, дэ дыщогугъ абыхэм ящыщхэр дяпэкIэ хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я сатырхэм кьахэувэну», - кьыхигъэщащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министр, «Динамо» зэгухьэныгъэм КъБР-м щIиIэ и кьудамэм и унафэщI, полицэм и генерал-майор Павлов Василий.

Спортсменхэм я ныбжь елъытауэ гупищу зэщхьэщыхауэ зэпеуэхэр кьызэрагъэпэщащ. «Дети Кавказа» зэхьэзэхуэр илъэс кэуд щIауэ щокIуэкI икIи зыужьыныгъэшхуэ игъэзащI. Мы зэпэщIэтыныгъэхэм кьыщагъэлъэгъуа зэфIэкIхэм япкъ иткIэ, щIыналъэхэм я командэ кьыхэхахэр зэхагъэувэ. «Спортым кьыхьыхьагъащIэ щыIэ зэтакъым. Нэхъыбэр урысей, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэмрэ кьыщыхэжаныкIахэмрэщ», - кьыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм тхэквондомкIэ и зэгухьэныгъэм и президент Щокъарэ Хьэзрэталий.

МахуиткIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ кьыщыхэжаныкIахэмрэ кубокхэр, медалхэр, грамотэхэр, спорт разрядхэр хуагъэфащащ.

ЖЫЛАСэ Замир.

● Хъыбар гуапэ

«Терчаночка» гупыр япэ йощ

Гъатхэпэм и кIэхэм Псыхуабэ щекIуэкIащ «Пятигорск зажигает звезды - 2021» XII дунейпсо зэпеуэр. Абы пашэ щыхъуащ Тэрч районым Сайт творчествэмкIэ и центрым и «Терчаночка» къэфакIуэ гупыр.

ЗэХЬЭЗэХУэР гъэ кьэс ирагъэкIуэкI къафэм зэфIэкI щызыIэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ кьаГъэнэIуэн, лъэпкъхэм я щэнхабзэ курыхьэр яхъумэжьын папщIэ.

Гуэныкъэ Леонид зи художественнэ унафэщI «Терчаночка» гупым зэпеуэм утыку кьыщихьащ авар кьафэр икIи «Кьафэ творчествэ» унэтIыныгъэм лауреат щыхъуащ. КьищынэмыщIауэ, гупым кьыхуагъэфэщащ «Теплъэгъуэ нэхъыфI» саугъэт щхьэхуэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ хъуэдэз), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэз), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэз), Къэшмакъуэ Этлэ (жэуап зыхъ секретарь), Къарджан Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныбмкIэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэныбмрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ях. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныбмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.

(12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыну къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **Дыщэкъ Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютерКIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр II 5894 ● Тираж 1.912 ● Заказ №903